

J.C. 380.114

PANOENTOEN

**DALAN ANJAR MOELANG MATJA WIWITAN
„ÉNGGAL, GAMPANG, NJENENGAKÉ”**

AKSARA LATIN

ANGGITANÉ

H. C. CROES

KADJAWAKAKÉ DÉNING

SOEWONDO

PANGETJAPAN

J. B. WOLTERS — GRONINGEN, BATAVIA, Scottweg 5

KK

P 98-1312

KAWEDALAKEN DÉNING J. B. WOLTERS

Dr. TH. PIGEAUD

JAVAANS-NEDERLANDS HANDWOORDENBOEK

f 5,00

In dit woordenboek in Latijnse letters, volgens 't Lat. alfabet gerangschikt, waarbij de door voorvoegsels afgeleide woorden zijn opgenomen onder de beginletters dier voorvoegsels, kan men in beginsel elk woord vinden, zoals men 't hoort of leest.

Naast meerdere volledigheid dan het bestaande, heeft het de grote verdienste meer practisch te zijn ingericht, meer rekening te houden met de spreektaal.

H. C. Croes.

NEDERLANDS-JAVAANS HANDWOORDENBOEK

Taksih dipoentjé tak

W. J. S. POERWADARMINTA,
kabantoe

C. S. HARDJASOEDARMA lan
J. CHR. POEDJASOEDIRA

BAOESASTRA DJAWA

Ingkang kanggé antjer-antjer serat
baoesastra djawi-wlandi karanganipoen

Dr. TH. PIGEAUD

Djilid I lan II

Taksih dipoentjé tak

919

GRONINGEN — BATAVIA, Scottweg 5



14 0000 0244 9688

ISBN = 224182

11. 9. 39

~~300 114~~

Terima dari Depôt pada tanggal

Moelaï dipakai pada tanggal

Tida' terpakai lagi moelaï tanggal

PANOENTOEN

DALAN ANJAR MOELANG MATJA WIWITAN
„ÉNGGAL, GAMPANG, NJENENGAKÉ”

AKSARA LATIN

ANGGITANÉ

H. C. CROES

KADJAWAKAKÉ DÉNING

SOEWONDO

Goeroe Normalschool

Salatiga

F 0,85



PANGETJAPAN J. B. WOLTERS' UITGEVERS-MAATSCHAPPIJ N.V.

GRONINGEN — BATAVIA — 1939

Scotiweg 5

Pangetjapan J. B. Wolters

POERWAKA.

Noewoen. Ingriki koela njoemantakaken methode énggal kanggé moelang-maos-wiwitan aksara Latin kanggé para goeroe Djawi ing laladan ingkang abasa Djawi.

Wondéné pangrakitipoen methode poenika katjoendhoekaken kalijan pamanggih énggal babagan kawroeh panggoelawentah toewin piwoelang, adedasar paniti-priksa toewin panjoba ingkang sampoen dangoe anggènipoen nindakaken lan ing sapoenikanipoen kénging pinitadjeng menggah ing leres miwah saénipoen.

Saking pamanggih koela, methode kanggé pamoelangan andap poenika boten tjekap namoeng saé dasaripoen kémawon, nanging methode waoe kedah njekapi ing samoedajanipoen kanggé para ingkang sami ngetjakaken. Milanipoen, ing sadèrèngipoen katoer kasoe-woenaken palilah dateng Departement van O. en E., methode poenika ing taoen-woelangan 1934/35, 1935/36 lan 1936/37 dipoen tjoba tjakipoen, sarana tansah dipoen awat-awati déning Inspectie ingkang kawogan. Wondéné angsal-angsalanipoen panjoban waoe: 1e ing klas II Volksschool-volksschool angsal bebatèn wekdal 45 doemoegi 55 %, 2e toemindaking woelangan langkoeng gesang toewin ndemenakaken, 3e moerid langkoeng katjah anggènipoen makarti pribadi (zelfwerkzaamheid), 4e piwoelang maos nganggé tjara énggal waoe toemrapping ndasari piwoelang basa langkoeng saé. Ing taoen-woelangan 1936/37 panjoban waoe dipoen tindakaken ing 50 pamoelangan. Ing salebetipoen njoba poenika kadjagi kanti kentjeng, bilih wekdal ingkang kanggé moelang maos boten kénging pisan-pisan langkoeng saking wekdal ingkang sampoen kapastèkaken ing leerplan kanggé moelang maos ing klas II Volksschool.

Boten preloe kaandaraken katjah-katjah kados poendi menggah angsal-angsaling piwoelang mawi methode poenika; bab poenika koela namoeng njoemanggakaken dateng ingkang nindakaken. Namong kémawon, piweling saha pamrajogi koela dateng para goeroe ingkang badé nindakaken methode poenika, panoentoen poenika kawaosa kanti titi roemijin, sasampoenipoen ladjeng kapejika soeraosipoen. Manawi sampoen mangretos saèstoe menggah ing soeraosipoen, ing mangké tamtoe boten badé ngrekaos anggènipoen ngetjakaken.

Ingriki koela preloe ngatoeraken genging panoewoen dateng para

toewan-toewan ingkang sampoen karsa paring pitoeloeng, adamel saéning methode poenika kanggé ing pamoelangan Djawi. Ing sakawit dateng toewan-toewan Evers, Kuitert toewin Van der Velde, déné sampoen sami nglilani dateng koela metik wosing boekoe-boekoe karanganipoen „Van Kindertaal tot Moedertaal”. Poenapa malih dateng toewan Evers, déné boten namoeng paring kalonggaran kémawon dateng koela marengaken ningali tjaking methode-maos-globaal ing sekolahanipoen ing Eindhoven (ing nagari Walandi), nanging oegi kasdoe paring katerangan-katerangan ingkang koela soewoenaken priksa, djer toewan Evers poenika mila sampoenng katarah pangalamanipoen ing bab tjaking methode-maos-globaal.

Kaping kalhipoen dateng Dèn Soejana Wignjadarsana, Kapala pamoelangan angka II No. 1 ing Salatiga, ing bab anggènipoen sesarengan njamboet damel kalijan koela madosi margi ingkang prajogi menggah ing tjakipoen pamanggih énggal babagan maos waoe lan anggènipoen damel gambar ingkang kanggé tjonto gambar-waosan tjap-tjapan poenapa déné anggènipoen damel gambar² ingkang kanggé boekoe-waosan.

Lan malih dateng Mas Soewondo, goeroe Normaalschool ing Salatiga, déné sampoen kasdoe ndjawèkaken panoentoen poenika.

Mangka panoetoep, koela ngatoeraken genging panoewoen ingarsanipoen padoeka toewan Inspecteur piwoelang Djawi laladan III ing Semarang, déné sampoen maringi palilah saha sakatahing pitoeloengan dateng anggèn koela ngwontenaken panjoban kaseboet inginggil, preloe kanggé mboektekaken kados poendi angsal-angsal saha pigoenanipoen methode-maos poenika.

Salatiga, 14 November 1936.

H. C. CROES.

BAB I

METHODE-MAOS-GLOBAAL.

Ingriki koela ngatoeraken Methode-maos-globaal dateng para goeroe ing laladan ingkang basanipoen basa Djawi. Globaal poenika tegesipoen „wetah” oetawi „goenggoeng kempal”, déné pikadjengipoen nama Methode-maos-globaal poenika: methode oetawi réka moelang maos awewaton ngawékani tjaranipoen laré manawi nandoekaken pantjadrijanipoen, inggih poenika sarana tjara „goenggoeng kempal”, tegesipoen: menawi neningali oetawi memirengaken, oetawi nandoekaken pantjadrija sanèsipoen, namoeng njoemerepi „wetahing” barang. Dados boten kados tijang sepoeih, ndadak mawi maspaosaken pérang-péranganipoen sarana „milah-milah”. Manawi laré, sampoen marem bilih sampoen soemerep gemblenging barang sawetah, toer trekadang sampoen marem soemerep anèhing barang waoe sawarni kémawon ingkang ketingal melok sawarni kémawon. Oepami laré soemerep sekar wora-wari: laré ladjeng gadah *gambaring* sekar waoe mawi reroepèn *abrit*. Manawi laré mireng lelagon, ingkang kapiireng namoeng gemblenging swanten, ingkang ngwontenaken lelagon oetawi gending poenika, ing mangka sadjatosipoen lelagon waoe kadadosan saking swara maroepe-roepi, andap-inggil, kendokentjeng, lak-loek. Dados sekar wora-wari wonten slaganipoen, makoetanipoen gangsal, oetawi wonten soengoet-sarinipoen lan pérangan sanès-sanèsipoen, poenika boten kalebet ing manahipoen laré. Makaten oegi lelagon awoedjoed swara mawarni-warni waoe inggih boten kagatosaken. Ing béndjing, manawi laré sampoen marambah-rambah anggènipoen nandoekaken pantjadrija, laré saweg wiwit badé milah² kanti titi, bilih ingkang tiningalan oetawi kapiireng poenika wonten pérang-péranganipoen, toewin saged nggemblengaken pérangan-pérangan poenika dados maoedjoed wetah satoenggal malih.

Tjoendoekipoen kalijan kawontenaning pikiranipoen laré kados makaten poenika, moelang maos nganggé methode-globaal waoe badé sinangkan saking maos „waosan wetah”. Poenapa poen „wetah” waoe awoedjoed tjrita, poenapa aroepi temboeng-temboeng kémawon, poenika dédé gatosing Methode. Ingkang kawigatosaken inggih poenika: sampoen pisan-pisan minangkani saking *ngratjoet* ladjeng *ngratjik*. (misah-misah ladjeng ngempalaken). Soepados

saged maos saé, sampoen tamtoe kémawon kedah saged ngratjoet lan ngratjik, nanging lampah makaten poenika boten prajogi kanggé miwiti maos. Methode-maos-globaal anggènipoen nindakaken ngratjoet lan ngratjik, manawi pikiranipoen laré ing bab poenika sampoen winantji, tegesipoen: ngratjoet lan ngratjik badé toemindak rantjag, manawi sampoen katawis pikiranipoen laré sampoen saged ngratjoet lan ngratjik.

Moelang maos tjara globaal poenika sinangkan saking tjrita. Ing pamanggih koela minangkani saking tjrita poenika langkoeng saé tinimbang miwiti nganggé temboeng-temboeng ingkang boten kagarba ing oekara, djalaran temboeng-temboeng makaten boten „gesang” toemrap pikiranipoen laré; wangsoel tjrita ingkang amot lelampahan-lelampahan ingkang pinanggih saha kasrambah ing djagading laré, inggih poenika lelampahan ingkang mèmper kalijan ingkang dipoen alami poen moerid pijambak, tjrita makaten poenika saged nenangi toewin nenarik manahing laré. Laré ladjeng toemoet „gesang” kalijan tetijang ingkang kanggé lampahan ing tjrita waoe, ing pangraos laré-laré kados-kados ngawaki pijambak. Rèhning manah ketarik, laré ladjeng titi anggènipoen nandoekaken pantjadrijanipoen, inggih poenika titi anggènipoen maspaosaken gambar lan oengel-oengelan ingkang sinerat ingandapipoen. Temboeng-temboeng ingkang minangka péranganing tjrita tamtoe badé gesang, wasana narik manah toewin pikiranipoen laré; ingkang makaten poenika saking sakedik goeroe badé saged noentoen laré ing bab titinipoen pamriksaning pérang-péranganipoen tjrita. Pérang-péranganing tjrita ingkang dipoen kadjengaken inggih poenika: oekara-oekara toewin temboeng-temboeng, poenapa déné temboeng ingkang sinerat miwah pérang-péranganipoen temboeng waoe, inggih poenika aksara-aksaranipoen. Aksara-aksara poenika ing béndjing badé karatjik dados temboeng, déné temboeng-temboeng karatjik dados oekara, oekara karatjik dados tjrita: manawi makaten laré ladjeng nama saged maos.

Titikanipoen methode-maos-globaal ingkang kaandharaken ingriki inggih poenika:

1. Isining waosan kapendetaken tjrita oeroet ragi pandjang, njrijosaken poenapa-poenapa ingkang dipoen alami laré-laré doesoen sawatawis.

2. Djedjering lampahan satoenggal-satoenggaling peranganing tjrita, katjarijosaken mawi basanipoen laré ingkang pasadja.
3. Piwoelang maos kagandèng raket kalijan piwoelang njerat toewin piwoelang basa (piwoelang basa ingkang kagandèngaken waoe awoedjoed piwoelang gineman, ngrakit basa poenapa déné njerat basa kanji leres).
4. Piwoelang nggambar ingkang toemindakipoen manoet methode ingkang sampoen kapestèkaken, oegi toemoet kagandèngaken.
5. Lan malih lelagon ingkang gegajoetan kalijan poenapa-poenapa ingkang pinanggih ing tjrita waoe kénging kanggé ngraketaken lan ngijataken gandènging piwoelang.

Boten preloe katerangaken malih, bilih isinipoen tjrita poenika moerih laré saged katarik manahipoen, kedah kapendètaken saking kawontenan-kawontenan sakiwatengening laré-laré, pangoepakaran ing grija, padamelanipoen ing sadinten-dinten (réntjang-réntjang oetawi dolanan), sesrawoenganipoen kalijan tangga tepalih. Tjritanipoen kedah mranani manahipoen laré: manawi laré mireng tjrita poenika, sageda laré ladjeng gadah pangraos, kados-kados ngalami malih poenapa-poenapa ingkang sampoen naté dipoen alami.

Piwoelang boten badé saged toemindak saé, goeroe boten badé ngraosaken wohing piwoelang, manawi piwoelangipoen boten saged narik manahipoen laré. Inggih „panarik” poenika satoenggaling koentji kanggé mbikak balé atmaning laré.

Dados toemraping piwoelang maos preloe sanget isinipoen piwoelang, inggih poenika tjritanipoen, saged narik manahipoen laré. Makaten oegi goeroe kedah saged mendet manahipoen laré sarana ngoedi pados patrap anggènipoen tjrita sageda nggegesang lan meméngin.

Kawontenan lan gesang ingkang kados poendi ingkang pantes kapilih minangka tjrita? Manawi ngèneti moerid-moerid ing pamuelangan doesoen ingkang kawah (langkoeng saking antawisipoen 90 %) mila pantjèn asli lan manggèn ing doesoen, inggih poenika sami anakipoen para tani sasaminipoen, kados boten klintoe, manawi tjrita waoe kapendètaken saking lelampahan saha gesangipoen poenggawa doesoen, oepami: tjarik. Gesangipoen tjarik doesoen sabrajat limrahipoen boten moebra-moebroe, nanging inggih kénging kawastanan tjekap. Sadaja lelampahan ing doesoen sampoen

tamtöe kémawon inggih linampahan ing tjarik doesoen sabrajat. Sadaja laré ing doesoen ngrikoe tamtöe soemerep dateng tjarikipoen, lan oegi soemerep poenapa toewin kados poendi menggah padamelanipoen toewin gesangipoen „mas tjraik” sabrajat. Pamilihing isinipoen tjrita kaangkah soepados laré-laré ing panggénan ingkang langkoeng ramé lan redja oetawi ragi tebih saking padoesoenan inggih sageda toemoet „gesang”. Sarana mewahi lelampahan toewin kawontenan-kawontenan ingkang tjoendöek kalijan sapanggénan-panggénanipoen pijambak-pijambak, goeroe saged ngagengaken lan noeloesaken gambiraning manahipoen laré.

Pak Soeradi saanak-sémah gegrija ing satoenggaling doesoen, boten tebih saking margi ageng. Anakipoen kalih, pambadjengipoen djaler, oemoer 7 taoen nama Soeradi; ingkang nomer kalih èstri, oemoer 5 taoen, nama Soeti. Kados déné ingkang limrah pinanggih ing doesoen-doesoen, pakawisanipoen pak Soeradi inggih dipoen tanemi krowodan lan karang kitri warni-warni. Wingking grija dipoen tanemi klapa, ing sela-selaning wit-wit klapa poenika wonten tanemaniipoen sénté, ganjong, oewi. Ing lataripoen wonten witipoen nangka toewin toeri. Pakawisan waoe pinageran nrenteng saé, getèk ngadjeng wonten lawanganipoen. Ingah-ingahanipoen iwèn: ajam toewin kambangan. Kéwan-kéwan waoe manawi daloe katilemaken ing kombong. Ajamipoen manawi daloe kepéngin tilem mangkring ing panging wit, nanging saking pamanggihipoen pak Soeradi kirang aman. Manawi loedang ing padamelanipoen dados tjarik, pak Soeradi nggarap sabinipoen kaprenah ragi tebih saking grijanipoen.

1. Poenapa-poenapa ingkang dipoen alami Soeradi lan Soeti, poenika minangka isining waosan. Ingkang dipoen alami ing grija, ing béndjing oegi ingkan dipoen alami ing satjelaking grijanipoen toewin ing pamoelangan, poenika sadaja kadongèngaken mawi tjara ingkang pasadja lan nggambirakaken manahing laré.

2. Satoenggal-satoenggalipoen lampahan ingkang kanggé djedjer, poenika kagambar ageng, kapratétakaken mawi oekara 4 octawi 5 ingandapoen. Soepadoe saged marik manahipoen moerid saha moerih rikat toewin titi anggènipoen nglebetaken ing angen-angenipoen, basa ingkang kaanggé inggih basanipoen laré ingkang pasadja.

3. Ingadjeng sampoen katerangaken, bilih piwoelang maos ka-

gandèngaken kalijan piwoelang basa. Piwoelang basa ingkang kadjengaken waoe inggih poenika piwoelang gineman lan ngrakit oekara, ndongèng toewin njerat tanpa lepat. Satoenggal-satoenggaling goeroe tamtoe saged nggambirakaken manahipoen laré sarana akèn njrijosaken kéwan ingah-ingahanipoen pijambak-pijambak. Gineman makaten poenika kénging kanggé oelar-oelaripoen piwoelang ngrakit basa ing béndjing. Manawi temboeng „*pitik lan meri?*” sampoen kagoenting saking oekaranipoen (mriksanana lampahing piwoelang ing wingking), laré-laré ladjeng kapoerih njrijosaken „*pitik*”-ipoen toewin „*meri*”-nipoen pijambak-pijambak; dados laré-laré sami ndamel oekara. (Basanipoen tamtoe kémawon ngoko roemijn). Temboeng lan gambar waoe kados déné mbekta lan noentoen pikiranipoen laré toemoedjoe dateng satoenggaling barang; poenika ndjalari kados déné pikiranipoen laré kagoegah èngèt poenapa-poenapa ingkang sampoen naté dipoen alami pijambak, oegi ndjalari toewoehing pikiran énggal. Poenika sadaja mahanani toewin nenangi angen-angenipoen laré, poenapa déné petjahing pikiran toewin gagasan; dados poenika minangka pepoe-tjoekipoen piwoelang ngarang ing tembé wingking.

4. Ing piwoelang nggambar „*pitik*”-ipoen toewin „*meri*”nipoen ing sakawit dipoen-blak, ing béndjing kagambar sakadjengipoen laré.

5. Oengel-oengelan toewin lelagon bab *pitik* toewin *meri* inggih kawoelangaken, lan manawi saged inggih katembangaken.

Methode poenika oegi ngadjengaken panjerating temboeng tanpa lepat, djalaran wiwit kawitan mila laré tansah dipoengegoelang sarta kakoelinakaken nandoekaken pantjadrijanipoen kanthi maspaosaken gemblenging temboeng. Ingkang makaten poenika saged ngawékani lepating panjerat. Panggladi sanèsipoen malih ingkang kanggé ngoelinakaken njerat tanpa lepat inggih poenika noeroen lan dikté (mriksanana ngandap).

Wiwit saged njepeng potlot oetawi grip katingal saé (oepami wiwit gambar kaping 4), saking pamanggih koela preloe laré-laré, sasampoenipoen kapoerih maspaosaken, ladjeng kadikté mawi temboeng-temboeng ing gambar-waosan ingkang sampoen kapengker, oegi mawi larikan temboeng saking boekoe-waosan ingkang kaping kalih. Saénipoen baka satemboeng, manawi sampoen, ladjeng saeokara-saeokara. Manawi gambar-waosan kaping 6 sampoen kapengker, ladjeng saged miwiti

salimrahing dikté nganggé temboeng-temboeng toewin oekara-oekara ingkang pinanggih ing gambar-gambar-waosan ingkang sampoen kapengker. Manawi taksih wonten lepatipoen, oegi prajogi kaladjengna kémawon kanthi sabar lan sarèh andiktèkaken temboeng-temboeng lan oekara-oekara waoe, namoeng kémawon sinangkanana saking njinaoe roemijin kanthi maspaosaken.

Bab gegajoetanipoen piwoelang maos kalijan piwoelang njerat preloe katerangaken sawatawis ingandap ngriki. Anggènipoen nggandèngaken piwoelang warni kalih poenika kedah énggal dipoen tin-dakaken lan malih panggandèngipoen kedah raket saèstoe; ing sakawit sarana ngeblak piwoelan gingkang saweg dipoen sinaoe, katindakaken ing kretas tipis ingkang mila pantjèn kanggé sadijanipoen. Ing tembé noeroen waosan ingkang sampoen kawaos. Mitoeroet ingkang sampoen kelampah, para moerid kénging winastanan énggal prigel ing bab anggènipoen damel wewangoenan aksara, sanadjan wewangoenan poenika ing wiwitan nama kirang saénipoen. Ingkang poenika ing kawitan goeroe kedah ndjlimet anggènipoen ngawat-awati la tlatos anggènipoen nenoentoen. Wiwit kawitan mila laré prajogi kakoelinakna, anggènipoen ndamel wewangoenaning aksara kedah mawi waton ingkang leres: manawi ndamel a, d, g, kedah ndamel péranganipoen ingkang boender (mlengkoeng) roemijin, déné manawi ndamel k, b, p, t, r, kedah wiwit saking pérangan ingkang ngadeg (djedjeg), kados sada dipoen degaken. Kanggé nggampilaken toewin njakétjakaken pangeblak, aksara ingkang kaanggé: aksara-satengah-gedrig (blokletters), djalaran aksara poenika woedjoed toewin wangoenipoen katàh èmperipoen kalijan aksara-gedrig; poenika ngad-jengaken toewin nggampilaken anggènipoen ngjektosi toewin „njan-
tèlaken” gegambaranigoen temboeng ing angen-angenipoen moerid.

Wewangoenaning aksara setengah-gedrig ingkang langkoeng pasadja waoe langkoeng gampil toeroen-toeroenanipoen, moeroegaken saged *njerat pijambak* langkoeng enggal (dikté toewin noeroen). Mitoeroet pangalaman, gantos oetawi santoenipoen nganggé seratan limrah ing béndjing prasasat boten wonten rekaosipoen.

Ngeblak poenika kadjawi kanggé nggladi njerat sarta ngoelinak-aken toewin nglemesaken tangan, oegi ageng paédahipoen kanggé nglebetaken gegambaraning temboeng ing pikiranipoen laré kanthi pramana. Dados njerat alantaran ngeblak poenika boten namoeng

ngadjengaken waosanipoen laré kémawon, nanging oegi dados panggladi ingkang saé toemrapping ngédjah tanpa lepat, djer laré-laré, dipoen koelinakaken ing kaprigelanipoen bab namataken. Kaprigelan waoe ing béndjing badé dados saja saé lan landep sarana noeroen piwoelang ing sabak oetawi ing kretas.

BAB II

Pirantos lan kanggénipoen.

Pirantos-pirantosipoen:

- a. Gambar-waosan, ingandapipoen sineratan tjrita. Tjatjahipoen 10.
- b. Boekoe-waosan I, lembaranipoen boten djilidan. Seratanipoen mawi aksara-setengah-gedrig (blokletters).
- c. Kretas-blak.
- d. Boekoe-waosan II, seratanipoen mawi aksara tjap-tjapan limrah.
- e. Larikan-temboeng, satjekapipoen.

a. Gambar-waosan poenika kanggé moelang sesarengan, agengipoen kaangkaha tjekap lan tjeṭa tiningalan saking ing bangkoe wingking pijambak. Oengel-oengelan (tjrita) ingkang kaserat ingandapipoen, sami kalijan oengel-oengelan waosan ing boekoe-waosan I. Gambar-gambar waoe énta-éntaning grijanipoen laré sapakawisanipoen, kiwa tengenipoen ngri-koe, pangoepakaranipoen, padamelan lan dolanipoen, toewin pamoelangan.

Satoenggal-toenggaling gambar poenika minangka kanggé beboekaning tjrita, isi piwoelang ingkang „sambet” nanging „énggal” (anjar) toemrapping laré. Oekara-oekara ingkang sinerat ingandapipoen poenika minangka pasinaon ingkang kanggé ing dinten tjandakipoen.

Gambar-waosan waoe ing saladjengipoen dados pirantos-pitoe-loengan ingkang tetep, tansah soemadja kanggé moelangaken temboeng satoenggal-toenggalipoen. Milanipoen gambar-gambar-waosan ingkang sampoen karembag tansah tjoemanṭèl ingadjeng klas, soepados laré sageda manggihaken malih temboeng-temboeng ingkang kesoepèn.

Wasana gambar-waosan poenika oegi minangka srana kanggé noentoen moerid sagedipoen gineman ingkang mardika, tanpa dipoen toeloengi ing goeroe.

b. Ingadjeng sampoen katjeṭa, bilih waosan I ingkang mawi lembaran kaseboet inginggil, isinipoen sami kalijan seratan ing gambar-

waosan. Oekara-oekara ing lembaran poenika satoenggal lan satoenggalipoen winatesan garis tjemeng kanggé nggampilaken panggoentingipoen. Lembaran-lembaran waoe sagagrag [1 stel] pantjèn sadijan kanggé goentingan; ing sakawit ingkang kagoenting oekaranipoen, ing tembé temboeng-temboengipoen. Patrap makaten poenika toemrapping goeroe satoenggalipoen srana kanggé niti priksa poenapa satoenggal-satoenggaling laré saged misah oekara-oekara toewin temboeng-temboeng. Lan malih goeroe saged akèn laré ndamel oekara malih mawi temboeng-temboeng ingkang sampoen kagoenting waoe ngakèn njèlèhaken sarana kadjèdjèr-djèdjèr lan ngakèn maos. (Mriksanana pérangan Panoentoen poenika bab tjaking piwoelang).

c. Kretas-blak poenika awoedjoed kretas nrawang, alang-oedjoeripoen sami kalijan lembaraning boekoe-waosan I. Panganggénipoen: kretas nrawang katoempangaken ing lembaran boekoe-waosan I; soepados boten mingsrat-mingsret, kretas nrawang lan lembaran kadjapit mawi dom-djepèt (clips) satoenggal oetawi kalih. Oengel-oengelan (seratan) ing lembaran-waosan katingal tjeta, poenika ladjeng dipoenblak mawi potlot. Kados makaten waoe katindakna wongsalwangsoel ngantos laré-laré saged damel wewangoenaning aksara ingkang ragi mèmper. Manawi pangeblakipoen toemrap sawenèhing aksara oetawi temboeng pantjèn tetéla angèl, kénging migoenakaken lembaran kretas nrawang sanèsipoen. Boekoe-waosan I poenika prasat „primbon” isi tjrita oeroet. Ing saladjengipoen primbon waoe goenanipoen preloe kanggé mangsoeli oekara-oekara lan temboeng-temboeng ingkang sampoen kawoelangakan.

d. Boekoe-waosan II isi waosan warni-warni lan larikan-larikan temboeng ingkang sambet. Isining piwoelang kapendètaken saking kanan kéringipoen laré. Piwoelang waoe ndjembaraken isinipoen boekoe-waosan I. Ing wiwitan isinipoen boekoe II poenika gandèng raket sanget kalijan isinipoen boekoe-waosan I, djalaran temboeng-temboenipoen, oebarampènipoen pantjèn mèh sami. Manawi sakinten badé ngrekaos toemindakipoen, prakawis-prakawis ingkang moeroegaken rekaosipoen toemindak waoe ing sadèrèngipoen prajogi karembaga wonten ing blabag oetawi nindakaken panggladi maos temboeng-temboeng-tjanjèl.

e. Kanggé satoenggal-toenggaling piwoelang limrahipoen wonten

larikanipoen temboeng, *tjatjahipoen* 3 oetawi langkoeng. *Larikan-temboeng poenika* kedadosan saking *temboeng-temboeng isining piwoelang énggal kalijan piwoelang ingkang sampoen kapengker*; *menggah pandamelipoen (panjeratipoen) temboeng-temboeng waoe kaangkaha soepados aksara-aksara ingkang sami [noenggil] sageda katingal ngégla oeroet mangandap*. Dados ladjeng wonten *larikan-temboeng ingkang namoeng mawi aksara p kémawon, mawi aksara l, a, oe, makaten sapitoeroetipoen*.

Larikan-larikan-temboeng waoe kadamel ing kretas pandjang; agenging seratanipoen kadamel satjekapipoen, sok oegi kénging kawaos ing laré saklas kanṭi gampil sarta tjeṭa. *Larikan-larikan-temboeng waoe tansah tjoemanṭèl ingadjeng klas, preloenipoen tansah soemaḍija kanggé mangsoeli*. *Aksara-aksara ingkang sami [noenggil] waoe lan ingkang kaserat ingandapipoen larikan-temboeng ingkang pinanggih ing Panoentoen ngriki, ing larikan-temboeng ingkang kanggé klas boten pretoe kaserat ingandapipoen*.

Mitoeroet andaran inginggil poenika sampoen tetéla, bilih goenani-poen larikan-temboeng poenika kanggé „nggandèngaken” ingkang dipoen tingali kalijan ingkang kapi reng sarana réka ingkang pasadja toewin gampil, inggih poenika sarana wongsal-wangsoel nandoekaken pantjadrija kanṭi pramana, ndjalari ing wekasan saged ngratjoet temboeng saking pérang- péranganipoen prasasat boten dipoen sengadja. *Mila, manawi laré kèṭèr anggènipoen maos satoenggaling temboeng, ladjeng kapitoeloengana kémawon sarana dipoen toeladani pamaosipoen oetawi sarana mangsoeli salah satoenggaling larikan-temboeng ingkang wonten temboengipoen ingkang pamaosipoen kèṭèr waoe*. *Limrahipoen laré saged maos ijambak, poenapa malih manawi larikan-larikan-temboeng poenika ing soewaoe saé anggènipoen njinaoe*.

Dados preloe sanget, laré apal sajektos dateng *larikan-temboeng*. Moerid kedah saged toemoenten ngjektosi (boten pangling) wetah-ing *temboeng-temboeng*. Sagedipoen kèngetan malih poenika sarana:

- I. ngeblak mawi kretas-blak;
- II. wongsal-wangsoel noeroen waosan lan *larikan-temboeng* kanṭi titi tanpa lepat;
- III. tansah mongsal-mansoeli maos *temboeng-temboeng* ing *larikan-larikan-temboeng*;

- IV. maos temboeng tjanṭel, samanten waoe manawi temboeng-temboengipoen prajogi kanggé nindakaken makaten poenika;
- V. migoenakaken satoenggaling temboeng ing oekara tjekak-tjekak damelanipoen laré pijambak ngiras kalijan maspaos-aken pisan gambaring temboeng ingkang dipoen anggé waoe.

Pènget. Leerschool Normaalschool-èstri ing Salatiga migoenakaken pirantos-pitoeloengan kanggé moelang sesarengan, awoedjoed temboeng-temboeng saking gambar-waosan I doemoegi VI, aksaranipoen ageng tjeṭa, katèmplèkaken ing kreḍoes. Temboeng-temboeng waoe manawi kanggé ladjeng kadèkèk ing blabag, toemoempang ing palangan kadjeng alit-alit. Pandèkèkipoen sami kalijan patrapipoen laré-laré anggènipoen ndèkèkaken temboeng-temboeng goentingan ing bangkoe. Manawi laré-laré ndjèdjèr temboeng-temboeng dados oekara: „Kaé ana woeloeng maboer” ing bangkoenipoen, ing blabag inggih ladjeng kadjèdjèran temboeng-temboeng ingkang sami oengelipoen, poenika kanggé mangsoeli toewin kanggé niti priksa. Ing béndjing ndamel oekara tjekak-tjekak wonten ing blabag kados makaten poenika dipoen wongsal-wangsoeli, preloenipoen kanggé waosan toewin kanggé niti priksa. Sarana nganggé pirantos-pitoeloengan sesarengan kados kaseboet inginggil waoe tjaking woelangan saged nenangi gambiraning manahipoen laré, toer boten mboseni. Pirantos-pitoeloengan makaten poenika namoeng nama salah satoenggaling réka-daja, adamel saé toewin rantjaging lampahipoen piwoelang. Pirantos poenika preloe sanget inggih boten, nanging prajogi oepami wontena.

BAB III

Maos.

Ing sadèrèngipoen laré poenika saged maos, ing dalem pikiranipoen kedah wonten éwah-éwahan poenapa?

I. Saking sakeḍik laré poenika ngretos, manawi tijang poenika saged nglairaken gagasanipoen, inggih poenika poenapa-poenapa ingkang kamanah toewin ingkang kaoetjapaken, sarana tenger alit-alit (seratan) ingkang adamel goemoenipoen manahipoen laré: manawi wonten ing blabag ingkang tjemeng roepinipoen, gambaring gagasan

poenika djeboel peṭak, manawī wonten ing kretas ingkang peṭak warninipoen, gambaring poenapa-poenapa ingkang kaoetjapaken kok tjemeng. Toemrapping laré, tenger-tenger anèh (aksara) ingkang kanggé nglairaken gagasan waoe katingalipoen dèrèng tjeṭa, tegesipoen: laré dèrèng saged angsal gambaring aksara-aksara waoe ingkang tjeṭa lan sampoerna ing angen-angenipoen.

II. Saking sakedik laré inggih mangretos, bilih satoenggaling gagasan waoe kénging kagambar mawi wewoedjoedan anèh poenika salarik. Ing dalem pikiranipoen, laré ladjeng ngandèngaken oetjap-oetjapan waoe kalijan gambar-gambar salarik poenika, ing wasana ngretos, bilih „gagasan” poenika kénging „tiningalan”.

III. Dangoe-dangoe laré inggih baḍé mangretos, bilih oekara poenika sadjatosipoen kadadosan saking temboeng-temboeng, bilih satoenggaling temboeng poenika kénging kaserat pijambakan, poenapa déné kénging kaserat djèdjèr-djèdjèr lelarikan dados oekara.

Wondéné ingkang preloe kawigatosaken inggih poenika: laré kedah saged „nggandèngaken” gagasan sambet kalijan temboeng ingkang sinerat minangka soelihipoen gagasan waoe. Manawi laré sampoen saged nggandèngaken seratan temboeng: *pak, pitik, meri*, sambet kalijan gagasan: *pak, pitik, meri*, poenika namanipoen: laré sampoen saged maos. Ing woesana laré inggih ngretos bilih aksara poenika kénging karatjik dados temboeng, temboeng dados oekara, oekara dados tjrita. Katrangan inginggil poenika kénging karingkes: dados roemijinipoen „ngratjoet” (ngoedat), sasampoenipoen poenika, saweg „ngratjik” (ngempalakan).

Poenika waoe ingatasipoen pikiranipoen laré satoenggaling prakawis ingkang langkoeng déning roewed lan angèl. Énggal toewin dangoening sirnanipoen roewed lan angèl waoe menggah ing satoenggaling laré boten sami. Dados toemrap satoenggaling poenika laré wonten wantjinipoen pijambak-pijambak. Rèhning laré saklas kedah kasareng wantjinipoen kanggé metjah pikiranipoen, mila tindak kesesa ing bab poenika toemrapping laré mbebajani, lan saged adamel risaking pikiranipoen laré.

Langkoeng-langkoeng ing wiwitan goeroe kedah sarèh, sabar lan sampoen sepen ing pangatos-atos anggènipoen baḍé ngoedari roewed. Ing salebetipoen 3 oetawi 4 minggoe kawitan awrat sesanggènipoen moerid, lan oegi boten èntèng tetangelanipoen goeroe.

BAB IV

Lampahing piwoelang.

Gambar-waosan I.

Mriksanana gambar No. 1 ing ngandap.



di soeradi rénéa

ana apa pak

iki lo gabah

pilik karo meriné dipakani

Ingadjeng sampoen katerangaken, bilih tjatjahing gambar-waosan wonten 10 mawi tjrita kaserat ingandapipoen. Gambar I—V seratanipoen ngandap njekawan larik, gambar VI—X nggangsal larik. Tjrita njekawan oetawi nggangsal larik poenika njrijosaken poenapa-poenapa ingkang katjéta ing gambar ngrikoe ingkang preloe-preloe kémawon. Patrapipoen ngrembag makaten:

a. Tjritanipoen.

Gambar-waosan tjoemanṭèl ingadjeng klas. Moerid-moerid kénging namataken oetawi ngiling-ilingi gambar poenika sawatawis wekdal, kèndel-kèndelan. Goeroe ladjeng tjrita:

Pak Soeradi ikoe prabot-désa ing désa Nanggoelan, ora adoh saka Salatiga (kanggé satoenggal-toenggaling sekolahan mesti kémawon béda-béda doesoenipoen, preloenipoen soepados tjoendoek kalijan kawontenan ingrikoe, ndjalari senenging manahipoen moerid).

Pak Soeradi doewé anak loro, djenengé Soeradi lan Soeti. Soeradi oemoer 7 taoen, dadi ija wis sekolah kaja kowé loenggoeh ana ing klas I. Adiné wadon si Soeti lagi oemoer 5 taoen, doeroeng sekolah, isih ketjiliken.

Pakarané Pak Soeradi djembar. Ing pakarangan kono akèh bèbèk lan pitik pada saba. Pakarangané dipageri nrenteng moebeng, mawa lawangan. Lawangané ikoe mestiné koedoe tansah ditoetoep rapet. Jèn ora mangkono, pitik lan bèbèké bandjoer pada metoe. (Nèk nganti metoe, bandjoer keprijé, ta?). Pak Soeradi betjik banget olèhé ngopèni ingon-ingoné. Saben soré dikandagaké. Pantjèné pitiké pada seneng toeroe ana ing djaba, mangkring ing pang-pang, nanging pak Soeradi ora olèh. Généja? Soeradi ija seneng lan tresna marang pitiké, olèhé ngopèni ija goemati.

Ing wajah ésoek tangi toeroe, Soeradi doeroeng apa-apa, sing ditandangi disik ija olèhé ngengakaké kombongé. Pitik lan bèbèké bandjoer pada metoe, katon pada seneng. Baboné sing anak-anak ngoendangi koetoeké: kroek! kroek! Koetoeké mangsoeli: jik! jik! Djagoné kloeroek: bag, bag, tjoekoeroekoek! Déné bèbèké pada pating kroewèk.

Pagawéan sing ditandangi déning Pak Soeradi sing disik déwé, jaikoe: njepakaké pakan, diwadahi senik. Jèn wis rampoeng olèhé madahi, bandjoer metoe. Nanging pak Soeradi ora makani déwé, djalaran ngreti, manawa Soeradi seneng banget makani pitik lan bèbèké. Pak Soeradi ngoendang anaké: [Goeroe kèndel sakeḍap]

„di, soeradi, rénéa”. (laré sawatawis kapoerih nirokaken). Soeradi kroengoe, énggal mara. Bandjoer takon: (kèndel sakeḍap).

„ana apa, pak?” (katirokaken laré sawatawis).

Pak Soeradi mènèhaké senik isi pakan maoe karo tjalaṭoe mangkéné: (kèndel sakeḍap).

„iki lo, gabah!” (katirokaken laré sawatawis).

Bapakné Soeradi tjalaṭoe manèh: (kèndel).

„pitik karo meriné dipakani!” (katirokaken laré sawatawis).

Moerid-moerid kapoerih noedingi ing gambar: Bapak, Soeradi,

Soeti, ajam, kambangan. Goeroe takèn, Soeradi saweg poenapa, Soeti saweg poenapa. Pitakèn-pitakèn poenika boten adapoer piwoelang gineman. Preloenipoen namoeng ngindaki senenging manahipoen laré. Piwoelang gineman katindakaken ing béndjing. Ingkang kawigatosaken ing sapoenika: ngretosaken laré dateng tjrita.

b. Ngapalaken piwoelang ing gambar-waosan.

Goeroe sapoenika tjrijos: sing kotjaritakaké maoe, kabè hana ing gambar kéné. Goeroe ladjeng ngoengelaken oekara kapisan waoe sapisan malih kalijan noedingi. Lah, saiki sapa sing bisa ngoenèkaké (matja) *larikan* iki? Anggènipoen noedingi boten satemboeng-satemboeng, nanging oekara salarik, djalaran oekara poenika barang wetah satoenggal. Laré pantjèn boten ngretos dateng satoenggal-toenggaling temboeng. Lan malih noedingi baka satemboeng poenika ndjalari kirang saéning pamaos ing saloegoenipoen. Rèhning oekara ingkang kawaos poenika awoedjoed barang satoenggal „wetah”, dados pamaosipoen inggih kedah „wetah”.

Sasampoenipoen oekara kapisan katirokaken laré sawatawis kanthi leres lan saé lagoenipoen, ladjeng njandak oekara ingkang kaping kalih.

Oekara poenika kaoengelaken roemijin déning goeroe, ladjeng dipoen ambali, dipoen toedingi, noenten dipoen waos, ladjeng katirokaken moerid sawatawis, patrapipoen plek kados ingkang sampoen. Makaten oegi toemrap oekara ingkang kaping tiga lan sekawan. Manawi sampoen, ladjeng maos oekara 4 pisan, wongsal-wangsoel, ngantos laré apil saèstoe dateng oengelipoen seratan 4 larik poenika. Sadaja waoe kedah tjeta anggènipoen noeladani ngoengelaken lan titi saha patitis anggènipoen nirokaken. Goeroe ngentjengana bab saéning paketjapanipoen moerid.

Salebetipoen sawatawis minggoe ingkang kawitan, gambar-waosan I kedah tansah tjoemanthèl ingadjeng klas, sanadjan sampoen njandak gambar-waosan No. 2 oetawi No. 3.

c. Maos boekoe-waosan I.

Limrahipoen laré-laré énggal sanget sagedipoen maos tjrita ing gambar-waosan. Manawi sampoen saged maos ing gambar-waosan, laré ladjeng kapoerih „maos” saking boekoe-waosan I. Laré limrahipoen katingal gambira, seneng lan ageng manahipoen.

Goeroe nerangaken roemijin, bilih ingkang badé kawaos poenika

inggi bab: *pitik lan meri malih*. Manawi laré ningali gambar ing sangadjenging (sakiwanipoen) tjrita, tamtoenipoen ladjeng kènetan dateng waosan poenika. Sasampoenipoen laré kènetan, waosan ladjeng kapoerih maos laré sawatawis saoe-kara-saoekara. Trekadang preloe goeroe mitoeleengi ngoengelaken temboeng ingkang kawitan.

Ing sasaged-saged kadjagia, sampoen ngantos lepat pamaosipoen laré. Ing woesana piwoelangipoen kawongsal-wangsoelana sawatawis ambalan.

d. *Ngeblak nganggé kretas-blak.*

Wiwit dinten kawitan wekdal ingkang kanggé ngeblak boekoe-waosan I ing sadintenipoen $\frac{1}{2}$ djam. Lembaran waosan kadèkèk ing sangandaping lembaran nrawang, ladjeng dipoen-blak. Soepados boten mlétra-mlétre lembaran waosan lan lembaran nrawang kadjapit mawi dom djepèt (clips) satoenggal oetawi kalih. Ing salebetipoen sawatawis minggoe laré-laré preloe sanget kapitoeloengan lan kaawat-awatan pangeblakipoen. Goeroe kedah saged ngagengaken manahipoen laré, tansah ngalembana, namoeng kala-kala kémawon maiben, toer namoeng manawi preloe sanget kémawon.

Ing sadangoenipoen ngeblak ingkang kedah kawigatosaken:

1. tjorèking aksara manawi minggah tipis, manawi mandap kandel.
2. poendi ingkang tipis, dipoen-blak tipis; poendi ingkang kandel, dipoen-blak kandel.
3. Wiwitanipoen ngeblak kedah tansah saking sisih kiwa, sadaja kedah rampoeng, pangeblakipoen boten kénging wonten ingkang kelangkoengan.
4. Minangka beboekaning nggladi ngeblak, goeroe damel toelada ing blabag. (njerat temboeng). Seratan ing blabag poenika kapoerih ngaping kalihi moerid mawi kapoer wewarnèn. Laré-laré sanèsipoen nirokaken mawi dridji ing awang-awang. Laré-laré kapoerih ngeblak (njerat) sawoelangan babar pisan.

Kaseboet ingadjeng, goeroe kedah ngawat-awati sarta moelat jektos. Lan malih kadjagia, laré-laré anggènipoen ngeblak kedah saoe-kara-saoekara lan kedah wiwit saking kiwa manengen. Oegi kapredia, satoenggal-toenggaling aksara, satoenggal-toenggaling temboeng toewin oekara kedah saé lan sampoerna pangeblakipoen, sampoen ngantos wonten ingkang kelangkoengan. Kapresoedia meng-

gah ing saéning wangoenipoen aksara. Kadjagia: ing sasaged-saged sampoen ngantos wonten lepatipoen.

Toemraping laré-laré alit ingkang pantjèn dèrèng koelina, ngeblak poenika ing kawitan satoenggaling padamelan ingkang angèl; wangoening aksara taksih péjak-péjok, trekadang tangèh jèn ta kawastanana saé, nanging mitoeroet pangalaman, manawi pitoeloengan toewin pangawat-awatanipoen goeroe tjekap, laré-laré ingkang kagolong tjekapan ing salebetipoen sawatawis mangsa — 2 à 3 minggoe — kok inggih saged noeroen piwoelang ingkang kapisan waoe ing sabak oetawi ing kretas ingkang sampoen kénging winastan mèmper. [Sabak toewin kretasipoen kedah mawi garisan ingkang leres manoet pepestènipoen].

Noeroen kados ingkang kaseboet inginggil poenika menggahing laré-laré dipoen anggep kados déné épahanipoen, adamel mareming manahipoen. Poenika waoe adapoer nglegani krenteging pamanahaniipoen laré-laré ing bab kasenenganipoen tansah roemagang ing damel toewin nindakaken padamelan.

e. *Maos oekara-oekara ing gambar-waosan (lan oegi maos ing boekoe-waosan I) katindakaken blendjatan (doemoekan).*

Poenika goenanipoen kanggé niti priksa, poenapa laré-laré boten soepé dateng oekara-oekara waoe, sanadjan pamaosipoen boten manoet oeroeting tjrita. ngGladi lan ngoelinakaken kados makaten poenika waoe kedah satiti sajektos. Niti priksa mawi patrap makaten poenika boten kénging dipoen lirwakaken.

Tindakipoen boten preloe kesesa. Laré kasoekanana wekdal satjekapipoen kanggé manggihaken oekara ingkang kadoemoek. Laré sampoen apal tjritanipoen, lan sampoen saged milah-milah oekara-oekaraning tjrita manoet oeroet-oeroetanipoen, dados laré inggih kedah saged ngoṭak-aṭik satoenggaling oekara ing tjrita waoe, sanadjan boten katoeding manoet oeroet-oeroetanipoen.

Toedingana oekara (oenèn-oenèn) sing kapisan! Sapa sing isih bisa matja koewi?

Toedingana oekara (oenèn-oenèn) sing kapindho! Sapa sing isih bisa matja koewi?

Makaten oegi oekara kaping tiga oetawi kaping sekawan.

Manawi sampoen, ladjeng nindakaken doemoekan: oekara nomer 1, 3, 2, 4; nomer 2, 4, 3, 1, nomer 4, 3, 2, 1 makaten saladjengipoen.

Manawi maos doemoekan poenika dèrèng toemoenten saged „lanjah” toemindakipoen, kedah kawangsoelan malih maos kados ingkang sampoen, inggih poenika manoet oeroet-oeroetanipoen oekara-oekara ing tjrita.

Anggènipoen maos doemoekan kénging kasambi „dolan” sarana akèn moerid satoenggal kapoerih ndoemoek, moerid sanèsipoen maos.

ngGladi lan ngoelinakaken maos doemoekan saking gambar-waosan toewin saking boekoe-waosan waoe oegi kénging kawalik patrapipoen: Goeroe ngoengelaken oekaraniipoen, moerid ndoemoek mawi dipoen abani. Oepami „iki lo, gabah”. Sasampoenipoen ngoengelaken makaten, ladjeng kèndel sakedap. Moerid-moerid sami madosi oekara ingkang kaoengelaken goeroe waoe ing boekoenipoen. Goeroe noenten noṭok ing médja, laré ndoemoek oekaraniipoen. Ladjeng katiti priksa.

„ana apa, pak?” Tok ndoemoek.

„pitik karo meriné dipakani Tok doemoek.

„di, sṭeradi, rénèa Tok ndoemoek.

Let sawatawis dinten moerid sampoen saged ngjektosi oekara-oekara kalijan doemoekan, saged mastani (ngoengelaken) oekara-oekara ing gambar-waosan sasampoenipoen kadoemoek, saged ndoemoek oekara-oekara ing boekoe-waosan sasampoenipoen kaoengelaken goeroe. Laré ingkang kendo kedah kaawat-awatan saèstoe, lan kasoe-kanana giliran ingkang kaṭah.

Dados: poenapa ingkang kaandaraken inginggil poenika minangka beboekanipoen ngratjoet, tegesipoen: tjrita satoenggal kapilah-pilah dados 4 oekara.

f. Langkah ingkang kaping kalih kanggé ngratjoet inggih poenika nggoentingi lembaran-waosan, dados oekara.

Sadèrèngipoen nggoenting, laré kapoerih maos oekara-oekara malih, inggih manoet oeroetipoen tjrita, inggih doemoekan. Sasampoenipoen poenika ladjeng wiwit nggoentingi lembaran-waosan, manoet garis wates malang. Manawi tjatjahing goenting njekapi, laré-laré sadaja kapoerih nggoentingi tjepenganipoen pijambak-pijambak, tamtoe kémawon mawi toentoenanipoen goeroe. Rèhné ing sekolahan doesoen adakanipoen goentingipoen kirang, ingkang kapoerih nggoentingi prajoginipoen laré ingkang ageng-ageng kémawon. Déné ma-

nawi goentingipoen namoeng satoenggal, inggih goeroe ingkang nggoentengi. Sanadjan makatena, laré kedah *dipoen-serepaken*, bilih lembaranipoen kagoenting-goenting.

Pènget. Ing taoen tjandakipoen, manawi sampoen wonten oekara-oekara-goentingan, boten preloe nggoenting malih. Éwa samanten preloe, goeroe kedah *nedahaken*, bilih oekara-oekara-goentingan poenika ing soewaoe woedjoed wetah, oepami sarana nggoenting lembaran satoenggal ingadjeng klas.

Sapoenika nindakaken panglanthipoen mawi oekara-oekara-goentingan.

1. Laré kapoerih ndamel waosan malih mawi oekara-oekara-goentingan, manawi sakinten preloe, kapitoeloengan nganggé gambar-waosan oetawi boekoe-waosan.
2. Goeroe ngoengelaken oekara, laré kapoerih madosi oekarani-poen (goentinganipoen), ladjeng kapoerih ngetjoengaken, wasana kapoerih njèlèhaken ing médja (bangkoe).
3. Saben-saben laré kapoerih mendet oekara goentingan, ladjeng kapoerih maos. Laré-laré sanèsipoen kapoerih njèlèhaken oekara goentingan tjepenganipoen pijambak wonten ing bangkoe, oeroet-oeroetanipoen kedah sami.
4. Oegi prajogi, oekara ingkang saweg katjepeng poenika kapoerih noeroen (ngeblak) sawatawis ambalan wonten ing kreatas lembaran. Poenika ngindakaken trawatjaning paningalipoen laré dateng satoenggal-toenggaling temboeng.

g. ngGoentengi oekara dados temboeng-temboeng lan maos.

Inkang kagoenting roemijin inggih oekara kapisan. „*di, soeradi, rénéa*“. Ing sakawit ingkang kagoenting: *di*, ladjeng: *soeradi*, woe-sana: *rénéa*. Satoenggal-toenggaling laré kénging njrijosaken Soeradi. Manawi sampoen, noenten *gineman-dipoen-woedjoedi* (dramatiseren) sakedap (*tonil-tonilan*). Laré satoenggal dados: *sibapak*, satoenggal malih dados: *Soeradi*, laré katiga dados: *Soeti* (poen *Soeti* saweg njapoe). Toemindakipoen oepami makaten: ingkang dados: *sibapak* kapoerih ningalaken dateng ingkang dados: *Soeradi*; *sibapak* witjanten makaten: „*di soeradi, rénéa*“.

Sasampoenipoen poenika, laré-laré ladjeng kapoerih ndjèdjèr temboeng-temboeng goentingan kadadosaken oekara. Manawi sakinten

preloe, kedah kapitoeloengan mawi gambar-waosan oetawi boekoe-waosan. Dipoen katahana anggènipoen nggladi lan ngoelinakaken ngjektesi temboeng-temboeng.

Manawi sampoen wonten sadijan temboeng-goentingan (ingkang katèmplèkaken ing kreḍoes) ingkang goenanipoen pantjèn kanggé moelang sesarengan, temboeng-temboeng poenika inggih ladjeng kapigoenakaken pisan (kadjèdjèr-djèdjèr ing blabag), patrapipoen sami kalijan pandjèdjèripoen moerid wonten ing bangkoe. (Mriksanana pènget ing katja 14).

Patrap ngoelinakaken:

1. Toedingana temboeng: *di*, ladjeng: *soeradi*, wasana: *rénéa*.
2. Sapoenika boten oeroet. Toedingana: *rénéa*, *soeradi*, *di*.
3. Goeroe noedingi temboeng-temboeng ing gambar-waosan, moerid ngoengelaken.
4. Salah satoenggaling moerid noedingi temboeng-temboeng ing ing gambar-waosan, moerid sanès-sanèsipoen ngoengelaken.
5. Woesana temboeng tiga poenika kénging kadjèdjèr kadadosaken oekara warni-warni:
 - a. *rénéa di*.
 - b. *rénéa soeradi*.
 - c. *soeradi, di, rénéa*.
 - d. *soeradi rénéa*.

Kaprasoedia anggènipoen maos oekara tjekak-tjekak poenika alagoe ingkang saé kados manawi gineman limrah. Dedongèngan lan moelangaken oekara kapisan poenika (nindakaken poenapa ingkang kaandharaken wiwit a doemoegi g) ngadat langkoeng saking saminggoe laminipoen. Ing minggoe tjandakipoen, oekara 3 sanèsipoen kawoelangaken mawi patrap kados inginggil.

Saben mentas nggoenting oekara dados temboeng-temboeng, moerid kapoerih damel oekara-djangkep nganggé temboeng-temboeng goentingan waoe, samanten poenika manawi temboeng-temboengipoen mila kénging oetawi maṭoek kanggé oekara. Moerid oegi kapoerih damel oekara énggal tjekak-tjekak nganggé temboeng-temboeng goentingan poenika. Manawi sampoen njandak temboeng apa ing oekara kaping kalih, ladjeng saged damel oekara pitakèn warni-warni:

soeradi apa ana?
apa ana gabah?
apa ana gabah, pak?
apa ana pitik?
di, apa ana pitik?
apa meriné dipakani?

ana apa, di?
ana apa, soeradi?
meriné apa dipakani?
soeradi apa dipakani?
pak, soeradi apa ana?
di, pak apa ana? Saladjengipoen.

Tamtoe kémawon inggih oegi damel lan maos oekara-oekara limrah kados ingadap poenika:

soeradi karo meriné.
pitik karo meriné.
iki lo pitik.
iki lo meriné.
iki lo soeradi.

ana meriné.
ana pitik karo meri.
ana soeradi.
pitik dipakani.
meriné dipakani. Saladjengipoen.

Tetéla, bilih temboeng-toemboengipoen oekara 4 larik saking gambar-waosan I poenika kénging kadamel oekara mawarni-warni. Goeroe saged mewahi sapreloenipoen, „Dolanan” nganggé temboeng-temboeng goentingan poenika (ndjèdjèr-ndjèdjèr temboeng kadadosaken oekara-oekara ingkang ladjeng kawaos) laré-laré seneng sanget. Kadjagia: anggènipoen *dolanan* sampoen ngantos kedangon! Oekara-oekaranipoen *kadamela ingkang tjekak-tjekak!*

Oekara tjekak-tjekak poenika saben-saben kaserata ing blabag, manawi sampoen rampoeng, oekara-oekara ing blabag poenika kapoerih maos malih.

Saben dinten, saben badé moelang maos, temboeng-temboeng goentingan waoe dipoen wangsoeli ing gambar-waosan lan ing blabag, oeroet-oeroetanipoen boten preloe dipoen noet, ngantos laré-laré apal saèstoe dateng temboeng-temboeng waoe.

Temboeng-temboeng-goentingan poenika kasimpen ing wadah rèk kojong oetawi ing amplop, dipoen angkani I (satoenggal). Ing wekdal poenika laré kedah tansah kakoelinakaken njerat:

1. ngeblak ing kretas-blak;
2. noeladani njerat ing blabag;
3. noeroen saking blabag saha saking boekoe-waosan wonten ing sabak.

Poenapa ingkang badé kaserat kedah kawaos roemijin. Goeroe tansah ngoedia ing gandènging njerat kalijan maos.

Ing salebetipoen minggoe ingkang kaping 3 goeroe teroes nindakaken panggladinipoen, temboeng-temboengipoen tansah dipoen wongsal-wangsoeli, ngantos laré-laré sampoerna ing apalipoen, boten kénging lepat malih bab anggènipoen ngjektosi.

Patrap anggènipoen ngoelinakaken:

1. Saben oekara temboengipoen dipoen wongsal-wangsoeli blendjatan; goeroe pijambak noedingi temboeng-temboeng, ladjeng kapoerih ngoengelaken, oetawi goeroe ngoengelaken, ladjeng kapoerih noedingi.
2. Temboeng-temboeng ing gambar-waosan, sadaja inggih dipoen wangsoeli kados ingkang kaseboet inginggil poenika.
3. Goeroe damel oekara tjekak-tjekak nganggé temboeng-temboeng waoe wonten ing blabag, ladjeng kapoerih maos. Sadaja temboeng-temboeng ing gambar-waosan kedah kapigoenakaken kanggé damel oekara-oekara waoe.
4. Maos boekoe-waosan II (mriksanana ingandap).
5. Piwoelang njerat katindakna kados ingkang sampoen.

h. Maos boekoe-waosan II.

Ing minggoe kaping tiga (manawi preloe inggih ing minggoe kaping 4) wiwit maos boekoe-waosan II. Temboeng-temboengipoen waosan ingkang kapisan mèh sadaja awoedjoed temboeng-temboeng ingkang sampoen dipoen koelinani laré. Goeroe noeladani maos. Moerid-moerid temtoenipoen boten badé ngrekaos anggènipoen ngjektosi temboeng-temboeng énggal ingkang soemela ing oekara-oekara ngrikoe, djalaran sampoen sami koelina dateng isining piwoelang, poenape déné temboeng-temboengipoen énggal waoe pasadja sadaja. Laré kapredia anggènipoen maos mawi lagoe satjaraning tijang gineman limrah.

- 1a. pitik karo meri.
 iki sapa?
 soeradi karo soeti.
 iki apa?

meri karo pitik.

iki *pitiké* sapa? *pitiké* soeradi.

iki *meriné* sapa? *meriné* soeti.

Temboengipoen énggal: *meri, sapa, soeti, pitiké*. Temboeng-temboeng énggal poenika kedah kaapalaken, oegi sarana katindakaken ing blabag. Temboeng-temboeng waoe kaserat ing podjokaning blabag, boten kénging kaboesak. Ing pawingkingipoen katoeroen wonten ing sabak.

1b. *pitiké* apa wis dipakani?

wis pak.

dipakani apa?

dipakani gabah.

meriné apa *ija* wis dipakani?

ija wis pak.

Temboengipoen énggal: *wis, ija*. Poenika oegi kaserat ing blabag lan kaapalaken. Ing sanès wekdal katoeroen ing sabak oetawi kaeblak.

Larikan-larikan-temboeng saking gambar-waosan I lan saking waosan la toewin 1b inggih poenika:

1. soeradi	2. iki	3. apa
<i>rénéa</i>	karo	pak
karo	dipakani	pitik
<i>meriné</i>		sapa
<i>r.</i>	<i>k.</i>	<i>p.</i>

(Aksara *r, k, p*, poenika boten preloe kaserat ingandapipoen larikan-temboeng).

Pènget. Ing wekdal sapoenika *dèrèng wantjinipoen* ngoedari temboeng-temboeng dados wanda oetawi aksara. Larikan-larikan-temboeng poenika namoeng kanggé nggandèngaken inkang dipoen tingali kalijan inkang kapi reng sarana mongsal-mangsoeli, marambah-rambah. Pangratjoetipoen ing tembé kémawon, ngentosi manawi sampoen doemoegi ing wantjinipoen, lan manawi laré-laré sampoen saged manggihaken *pijambak* menggah ing titikanipoen satoenggal-satoenggalipoen.

i. *Maos temboeng-tjanṭèl (maos étikèt)*.

Sapoenika sampoen wantjinipoen wiwit maos temboeng *tjanṭèl*. Maos *étikèt* poenika satoenggaling srana-pitoeloengan inkang nje-

nengaken ingatasipoen maos kawitan, awit ingrikoe laré kados déné *katoekoelan pangraos dolanan* ingkang noewoehaken gambiraning manah.

Tegesipoen maos etikèt poenika boten sanès namoeng; *njanṭèlaken* namaning barang ing barangipoen, ing gambaring barang oetawi tetironing barang waoe. Nama waoe kaserat ing kreḍoes ingkang oekoeranipoen 20×20 oetawi 20×10 cm. Dados laré-laré kedah ngapalaken nama-nama poenika. Rèhnè barang (gambar) lan nama ingkang kaserat waoe tansah kasoemerepan sesarengan, laré ladjeng titi ing paningalipoen, woesana panjeratipoen temboeng namaning barang poenika saged toemanem ing angen-angen. Ingkang makaten poenika tjatjahing temboeng-temboeng ingkang dipoen soemerepi laré énggal mindak kaṭah. Temboeng-temboeng poenika kénging kanggé mewahi tjatjahing larikan-temboeng.

Doemoegi samanten gambar-gambar ingkang mawi etikèt inggih namoeng gambaripoen soeradi, soeti, bapak, pitik, meri, djago, sapoe, gabah, lsp.

Manawi tjatjahipoen etikèt ing béndjing sampoen langkoeng kaṭah, inggih baḍé kapigoenakaken ing sameṣṭinipoen [mriksanana toemindak ing maos-etikèt ing katja 31 lan 32].

j. Larikan-temboeng.

Saben-saben, manawi wonten tirahan wekdal sawatawis menit, wekdal poenika kapigoenaken kanggé mangsoeli maos larikan-temboeng. Prajogi sanget manawi bab poenika katindakaken saben dinten.

Dados oeroet-oeroetanipoen lampahing piwoelang manawi moelangaken gambar-waosan kados makaten:

- a. njritakaken poenapa ingkang katjèṭa ing gambar-waosan;
- b. ngapalaken piwoelang saking gambar-waosan;
- c. maos boekoe-waosan I;
- d. ngeblak ing kretas-blak;
- e. maos oekara-oekara gambar-waosan, boten oeroet (boten noeroet oeroet-oeroetaning oekara);
- f. nggoentingi oekara;
- g. nggoentingi oekara dados temboeng-temboeng;
- h. maos boekoe-waosan II;

- i. maos étikèt;
- j. njinaoe larikan-temboeng;
- k. ðikté (namataken lan limrah).

Poenika katindakaken ing béndjing, manawi kaprigelanipoen laré ing bab njerat sampoen tjekap.

- l. Laminipoen goeroe moelang gambar-waosan No. I poenika mi-toeroet pangalaman ing pamoelangan panjoban ing Salatiga kinten-kinten 3 oetawi $3\frac{1}{2}$ minggoe. Goeroe sampoen kasesa, sampoen njandak gambar-waosan No. II, manawi moeridipoen boten apal saèstoe dateng gambar-waosan No. 1, djalaran gambar-waosan I poenika minangka dedasaripoen piwoelang tjandakipoen.

BAB V

Gambar-waosan II.

Mriksanana gambar No. 2 ing ngandap.



kaé ana woeloeng maboer
djago karo babon pada wedi
soeradi karo soeti alok-alok
woeloengé ora wani

Gambar-gambar-waosan tjandakipoen anggènipoen moelangaken sami kalijan tjaranipoen moelangaken gambar-waosan I. Mila, poendi ingkang tjoendoeck, mriksanana patrap ingadjeng.

a. *Tjritanipoen.* Goeroe njantèlaken gambar-waosan II ingadjeng klas. Sasampoenipoen moerid kapoerih namataken ing sawatawis dangoe, soepados moerid-moerid nggadahana gegawangan ing angen-angeni poen, goeroe ladjeng ngèngetaken moerid dateng tijang-tijang ingkang sampoen katjrijos ing gambar-waosan I. „Apa kowé isih kélingan, sapa djenengé botjah ikoe? Lah, aḍiné, sapa djenengé?” Tjrita ladjeng kaladjengaken: Ing sawidjining dina botjah loro maoe pada dolanan ana ing latar. Srengéngéné wis èndèk. Pitik lan bèbèké isih pada golèk

pangan. Doemadakan baboné sing anak-anak pendirangan, petak-petok lan krak-kroek seroe, ngoendangi koetoeké didjak mlajoe. Djagoné, bèbèk lan meriné ija mèloe mlajoe arep ndelik. Soeradi lan Soeti pada ngingetaké ing doewoer, lah, apa kaé? Botjah loro maoe weroeh woeloeng gedé kalangan. Soeradi alok mangkéné: (kèndel sakedap).

„Kaé ana woeloeng maboer”. (katirokaken laré sawatawis).

Siti mangsoeli: (kèndel sakedap).

„djago karo babon paàa wedi”. (katirokaken laré sawatawis).

Botjah loro maoe bandjoer pada mikir-mikir, kaprijé akalé, soepaja kéwan sing galak lan medèni ikoe loengaa. Ajo pada ramé-ramé waé, lan bengok-bengok sing banter (Kendel sakedap).

„soeradi karo soeti alok-alok”. (katirokaken).

Lah, rak tenan ta, woeloengé loenga. Soeradi kanda mangkéné: (kèndel sakedap).

„woeloengé ora wani”. (katirokaken).

b. Ngapalaken piwoelang ing gambar-waosan II, patrapipoen sami kalijan nalika ngapalaken piwoelang saking gambar-waosan I ing katja 10.

c. Maos boekoe-waosan I. Mriksanana pangrembagipoen gambar-waosan I.

d. Ngeblak. Mriksanana oelar-oelar nalika ngrembag gambar-waosan I ing katja 19. Anggènipoen ngeblak boten namoeng sapisan, nanging wongsal-wangsoel, ngantos wangoening aksara ragi mèmper. Panga-wat-awatan kedah ndjlimet lan kakatahana anggènipoen mitoeloengi.

Sapoenika ladjeng njoba noeroen larikan-temboeng saking gambar-waosan I, ingkang taksih kaserat ing blabag oetawi ingkang sampoen kaserat ing kretas sarta katèmplèkaken ing kredoes.

e. Maos oekara-oekara saking gambar-waosan lan oegi saking lembaran-waosan, dipoen blendjat oeroet-oeroetanipoen. Mriksanana patrap nalika moelangaken gambar-waosan I ing katja 20.

f. ngGoentingi piwoelang dados oekara. Ladjeng nindakaken kados nalika moelangaken gambar-waosan I.

g. ngGoentingi oekara-goentingan dados temboeng. Mriksanana patrap ingadjeng ing katja 22.

Sampoén kesoepèn nindakaken poenapa ingkang kaseboet ingandap poenika.

- 1e. Akèn damel oekara tjekak-tjekak mawi temboeng-temboeng goentingan — lésan kémawon.
- 2e. Sasampoénipoén damel oekara kados makaten, ladjeng akèn ndjèdjèr temboeng-temboeng-goentingan ngantos dados oekara kados ing gambar-waosan. Manawi oekara 4 pisan sampoén rampoeng pangrembagipoén, saben-saben ladjeng ndjèdjèr temboeng-temboeng-goentingan waoe dados oekara-oekara, oeroet kados isining piwoelang ing gambar-waosan.
- 3e. Akèn damel oekara énggal (béda oengelipoén kalijan oekara ing gambar-waosan) tjekak-tjekak, ladjeng kapoerih maos. Oekara-oekara poenika kaserat ing blabag preloe kanggé mangsoeli. Oepami:

kaé lo soeti, ana woeloeng.

ana apa, di?

ana woeloeng maboer.

woeloeng apa wani karo djago?

kaé, lo pitik pada wedi.

meriné ija wedi.

soeradi apa wedi?

ora, soeradi wani.

soeti alok-alok.

(Saladjengipoén).

Temboeng-temboeng-goentingan ingkang kasimpen ing wadah-rèk-koṭong (amplop) No. 1 inggih kénging dipoen anggé. Manawi sampoén, ladjeng kasimpen malih ing wadahipoén pijambak-pijambak.

- 4e. Saben rampoeng saekara, goeroe ladjeng noedingi temboeng ing gambar-waosan mawi patrap blendjatan, moerid kapoerih ngoengelaken, oetawi goeroe ngoengelaken pijambak, moerid noedingi.
- 5e. Manawi pantjèn wonten sadijan temboeng-temboeng ing kreḍoes ingkang kanggénipoén kadèkèk ing blabag, inggih kedah nindakaken ndèkèk temboeng-temboeng poenika wonten ing blabag.
- 6e. Temboeng-temboeng-goentingan ladjeng kasimpen ing wadah-rèk-koṭong oetawi amplop, tjinirèn angka 2 (kalih).

h. Maos boekoe-waosan II.

Kaprasoedia, lagoenipoen maos saged kados salimrahing tijang gineman.

Noeladani maos:

2a. woeloeng.

ti, soeti rénéa.

ana apa, di?

ana woeloeng.

kaé lo, maboer.

arep apa, di?

arep mangsa pitik.

2b.

ajo, ti, pada alok-alok.

mengko woeloengé ora wani.

kaé lo, wis maboer.

horé, woeloengé ora wani.

djago wis ora wedi.

babon ija wis ora wedi.

Temboengipoen énggal: *arep, mangsa, mengko, horé, ija.*

Temboeng-temboeng énggal poenika karembag wonten ing blabag, kaserat ing podjokan, boten kénging kaboesak. Ing sasaged-saged temboeng-temboeng waoe énggal kadadosna larikan-temboeng.

Temboeng-temboeng énggal waoe oegi kaserat ing kretas alit-alit, kasimpen ing amplop (wadah-rèk-koṭong) No. 2.

Larikan-temboeng ing piwoelang No. 2.

4. pak	5. wedi	6. di	7. karo
pitik	woeloeng	soeradi	dipakani
alok	wani	pitik	gabah
		wedi	djago
		meriné	wani
		wani	soeradi
		soeti	ora
k	w	i	a

(a lan i ing poengkasanipoen temboeng oetawi wanda).

i. Maos etikèt.

Sadangoenipoen moelangaken gambar-waosan II, maos etikèt inggih kaladjengaken. Barang-barang oetawi gambaring barang-barang ingkang pinanggih ing gambar-waosan II ladjeng dipoen etikèti kawewahaken ingkang sampoen mawi etikèt. Barang oetawi gambaring barang énggal inggih poenika: djago, babon, woeloeng, maboer, mangsa.

Sapoenika ladjeng nindakaken maos etikèt.

Golongan I.

a. Moerid dipoen kèn mlampah oeroet barang-barangipoen (gambaring barang), kapoerih maos étikètipoen. (ngoengelaken namaning barangipoen).

b. Moerid satoenggal dipoen kèn noedingi étikèt, moerid sanèsipoen kapoerih maos.

c. Moerid satoenggal dipoen kèn mastani temboeng-temboengipoen, moerid sanèsipoen kapoerih noedingi.

d. Goeroe mastani temboeng, salah satoenggaling moerid kapoerih noedingi.

Golongan II. Temboeng-temboengipoen étikèt dipoen pendeti dipoen klempakaken.

a. Goeroe mendet étikèt satoenggal, katedahaken datang moerid, ladjeng akèn moerid kapoerih njanèlaken oetawi ndèkèkaken étikèt poenika ing barangipoen (gambaripoen).

b. Goeroe oetawi salah satoenggaling moerid mastani namaning gambar oetawi barang ingkang goemlétak oeroet gedèg oetawi ing médja. Moerid sanèsipoen madosi étikètipoen, ladjeng kaatoeraken datang goeroe.

c. Goeroe nedahaken temboeng étikèt. Salah satoenggaling moerid ngoengelaken étikèt poenika, moerid sanèsipoen njoekakaken étikèt ing barang oetawi ing gambaripoen.

Pènget. ngGlaði maos étikèt makaten poenika ing saminggoenipoen katindakaken sawatawis rambahan, saben-saben dangoenipoen 15 oetawi 20 menit.

j. Larikan-larikan-temboeng saking gambar-waosan II dipoen sinaoe sajektos lan dipoen wongsal-wangsoeli sesarengan kalijan larikan-temboeng saking gambar-waosan I.

k. Manawi kaprigelanipoen moerid ing bab njerat sampoen tjekap, laré ladjeng kapoerih noeroen larikan-larikan-temboeng.

Sasampoenipoen poenika ladjeng noeroen piwoelang I lan II saking boekoe-waosan. Lan oegi noeroen oekara-oekara damelanipoen laré pijambak mawi temboeng-temboeng-goentingan saking boekoe-waosan I. Piwoelang dikté kasrantosaken roemijin, ngentos manawi sampoen rampoeng pangrembagipoen gambar-waosan IV.

l. Anggènipoen moelang gambar-waosan No. 2 poenika mitoeroet pengalaman saged rampoeng in dalem 2 à 2½ minggoe.

BAB VI

Gambar-waosan III.

Mriksanana gambar No. 3 ing ngandap.



Gambar-waosan III goemantoeng ing ngadjeng klas. Anggènipoen miwiti inggih sarana mèngeti pinoelang kaping I lan II sakeḍap. Moerid kapoerih noedingi toewin mastani tetijang ing gambar III: bapak, Soeradi, Soeti, kantjanipoen Soeradi nama Soetapa lan Soemitra. Ladjeng wiwit tjrita, kados ingandap poenika:

a. Tjritanipoen.

Nalika samana dina Ngahad wajah ésoek. Soeradi lagi gegawéan ana ing latar, katoné: wah, mèmèng banget. Soeradi njekel lading (pésò, pèmès), ngadèp koelit djeroek bali kandel. Bapakné loenggoeh ana

ing èmpèr, oega mèmpeing njamboet gawé, ngongoti wilah. Ora antara soewé Soeti teka, ndeleng. Soeti ora ngreti, kakangné koewi gawé apa. Kantjané Soeradi aran Soetapa lan Soemitra kang pinoedjoe liwat ngarep omahé pak Soeradi, mampir, ija bandjoer njeḍaki Soeradi, kepéngin weroeh gèk apa sing digawé Soeradi oetèk koewi.

Soeti takon: (kèndel sakeḍap).

„*kowé lagi apa soeradi?*” (katirokaken moerid sawatawis).

Soeradi mangsoeli: „*Wé, ora ngreti kowé? Lah iki ta:* (kèndel sakeḍap).

„*lagi gawé réta!*”

Soeti lan Soetapa ngarani: Soeradi koewi pinter gegawéan. Soetapa takon: (kèndel sakeḍap).

„*apa bisa gawé déwé?*”

Soeradi mangsoeli, manawa doeroeng bisa nggawé déwé. Tjalatoené Soeradi: (kèndel sakeḍap).

„*ora, bapak noeloengi.*” (katirokaken).

Soeradi kanda: réta koewi pantjèn angèl, saja sing boender-boender iki, angèl banget. Delengen ta; koewi sing nggawé bapak.

„*iki lo roḍané!*”.

Pak Soeradi saiki njoendepaké sindik ing awak-awakaning réta lan ing roḍané. Lah, wis rampoeng saiki rétané. Saiki kari masang taliné, dadi Soeradi bisa nggèrèt rétané.

Sapoenika ladjeng nindakaken panglantih ingkang kaseboet ing b, c, d, e, f, g, (mriksanana ingadjeng).

b. Ngapalaken waosan ing gambar-waosan III.

c. Maos boekoe-waosan I.

d. Ngeblak piwoelang

Panggladi ingkang kénging kanggé ngoelinakaken njerat pijambak:

I. noeroen piwoelang saking boekoe wonten ing kretas oetawi sabak (letipoen garis 4 mm).

II. noeroen oekara tjekak-tjekak damelanipoen pijambak ingkang kaserat ing blabag, inggih poenika oekara-oekara damelanipoen laré pijambak mawi temboeng-temboeng ingkang kagoenting saking waosan No. 1 lan 2.

e. Maos oekara-oekara saking gambar-waosan toewin lembaran-waosan, dipoen selang-seling oeroet-oeroetanipoen.

f. ngGoentingi lembaran-waosan kadadosaken saeokara-saeokara, ladjeng nindakaken panglantihipoen.

g. ngGoentingi oekara-goentingan dados temboeng-temboeng. Sampoén kesoepèn nindakaken bab-bab ingandap poenika:

1e. damel oekara mawi temboeng-goentingan.

2e. ndjèdjèr temboeng-temboeng-goentingan kadadosaken oekara sakawit. Manawi oekara-oekara 4 pisan sampoén dipoen goentingi, saben-saben ladjeng miwiti ndjèdjèr temboeng-temboeng-goentingan poenika kadadosaken tjrita kados ingkang kaseboet ing gambar-waosan.

3e. damel oekara tjekak-tjekak mawi temboeng-temboeng-goentingan, ladjeng kawaos. Oepami:

iki soeradi.

soeradi lagi apa?

lagi gawé réta.

apa gawé déwé?

ora bisa.

bapak noeloengi.

kowé bisa déwé, di?

réta apa?

Temboeng-temboeng simpenan ing amplop No. 1 lan inggih ing wadah No. 2 oegi kénging kapigoenakaken. Manawi sampoén, ladjeng kasimpen malih ing wadahipoen pijambak-pijambak. Manawi laré boten saged toemoenten manggihaken temboengipoen, kénging madosi ing gambar-waosan, kanggé notjogaken soemimpen ing wadah poendi temboeng waoe.

4e. Saben mentas maos saeokara, temboeng-temboeng ingkang kanggé ing oekara waoe kapoerih noedingi wonten ing gambar-waosan boten manoet oeroet-oeroetanipoen. Ngakèn laré ngoengelaken temboeng oetawi goeroe ngoengelaken pijambak, ladjeng kapoerih noedingi laré.

5e. Manawi wonten sadijan temboeng-temboeng ingkang kanggéni-poen kadjèdjèr ing blabag, inggih kedah nindakaken mawi temboeng-temboeng poenika kadèkèk ing blabag.

6e. Oekara ingkang sampoen rampoeng pendèkèkipoen ladjeng kaserata ing blabag. Manawi sampoen, oekara ingkang kaserat poenika kapoerih maos sawatawis ambalan kémawon.

7e. Temboeng-temboeng-goentingan kasimpena ing wadāh No. 3.

h. Maos boekoe-waosan II.

3a. gawé réta.
soeradi arep gawé apa?
arep gawé réta.
apa wis bisa déwé?
ora, bapak noeloengi.
iki apané, pak?
iki roḍané.

3b. akoe ija ndjaloek réta sidji, pak
ija mengko, dak gawé.
horé, akoe ija olèh réta.
apa bisa maboer di?
réta ora bisa maboer ta!
woeloengé bisa, ija di.

Temboengipoen énggal: *apané*, *ndjaloek*, *olèh*, *sidji*, *dak*, *ta*. Temboeng-temboeng poenika inggih karembag ing blabag lan dipoen sinaoe. Kakerepana anggènipoen mongsal-mangsoeli. Kapoerih noeroen. Larikan temboeng kawewahana mawi temboeng-temboeng énggal poenika.

i. Maos étikèt.

Étikètipoen dipoen tambahi temboeng-temboeng saking piwoelang III, lan oegi tambah temboeng: *réta*, *roḍa*. (Soetapa).

j. Larikan-larikan-temboeng saking gambar-waosan III ing nganḍap poenika dipoen apalaken saèstoe.

8. gabah	9. soeradi	10. lo	11. gabah	12. rénéa
djago	soeti	karo	maboer	meriné
gawé	bisa	djago	bisa	kowé
lagi	wis	ora	bapak	gawé
		roḍané		réta
		mengko		déwé
		horé		horé
g.	s.	o.	b.	é.

k. Moerid kapoerih noeroen saking gambar-waosan, saking boekoe-waosan II lan saking larikan-temboeng. Kala-kala njoba dikté namataken: Goeroe njerat salah satoenggaling temboeng saking gambar-gambar-waosan wonten ing blabag; temboeng poenika

kapoerih namataken moerid, sasampoenipoen katamataken ladjeng kaboesak. Sapoenika goeroe witjanten: „Temboeng maoe toelisen ing sabak!”

Preloe sanget mèngeti, temboeng-temboeng ingkang poendi ingkang lepat panjeratipoen. Temboeng-temboeng poenika waoe kaserat malih ing blabag, moerid kapoerih namataken sapisan malih ingkang sajektos. Poenika ing béndjing dipoen ambali malih mawi patrap ingkang boten ngetawisi. Anggènipoen ngambali wongsal-wangsoel ngantos boten lepat malih.

1. Wekdal kanggé moelang gambar-waosan No. 3 poenika kintenkinten 2 minggoe.

BAB VII

Gambar-waosan IV.

Mriksanana gambar No. 4 ing ngandap.



akoe wis loewé bok ndjaloek sega
apa soeradi wis moelih
lah kaé soeradi wis teka
ajo pada mangan

a. Tjritanipoen.

Wajahé wis awan, mestiné wis mèh djam sidji. Soeti mamboe ganda énak saka pawon, bandjoer krasa loewé. Moelané marani bokné menjang pawon. Soeti kanda: (kèndel sakeḍap).

„akoe wis loewé, bok, ndjaloek sega.” (katirokaken).

„Ija pantjèn wis awan,” wangsoelané bokné. Nanging rak koedoe ngentèni Soeradi: (kèndel sakeḍap).

„apa soeradi wis moelih?”

„Djadjal takingoeké,” tjalaṭoené Soeti (kèndel sakeḍap).

„lah, kaé, soeradi wis teka!” (katirokaken).

Embokné kanda: „Nèk ngono ija wis wajahé mangan. Kana ta-

nganmoe wisoehana disik karo Soeradi! Wis resik? Ajo mèloea.
(kèndel sakedap).

„ajo pada mangan.” (katirokaken).

Lah, kaé, delengan! pada mangan tèlap-tèlap, sadjaké énak banget.
Dalah koetjingé kok ija mèloe ndjaloek mangan énak. Sapa sing ora ana?
Sapoenika ladjeng nindakaken panglantih kados ingkang sampoen.

b. Ngapalaken.

c. Maos boekoe-waosan I.

d. Ngeblak. Oegi njerat pijambak.

e. Maos oekara-oekara (blendjatan).

f. ngGoentingi waosan dados oekara.

Sampoen kesoepèn nindakaken panggladinipoen ingkang sampoen
kapatjak.

g. ngGoentingi oekara dados temboeng. Waðah temboeng-goent-
ingan tjinirèn angka sekawan. (4). Sampoen kesoepèn nindakaken
panglantih kaseboet ing bab § 5 lan 6 ingadjeng. Oekara-oekara
ingandap poenika kénging *kadjèdjèr*, *kawaos*, *kaserat ing blabag*.
(temboeng *Soeti* mendet saking waðah No. 2, sapitoeroetipoen).

soeti wis loewé.

arep apa?

arep mangan.

ndjaloek apa?

ndjaloek sega.

bok, bok akoe wis loewé.

ngentèni soeradi moelih.

apa wis teka?

kaé wis teka.

soeradi apa loewé?

soeradi wis moelih.

ajo, di, pada mangan.

ajo, soeti pada mangan.

soeradi karo soeti pada mangan.

h. Maos boekoe-waosan II. Dipoen toeladani maos roemijin.

4a. wis loewé.

soeti wis loewé.

ndjaloek apa?

ndjaloek sega.

ndjaloek karo sapa?

karo *simbok*.

apa olèh?

ora, ngentèni soeradi.

4b. soeradi ana ing endi?

ana ing *sekolahan*.

apa *doeroeng* moelih?

lah kaé, wis teka.

soeradi karo soeti pada mangan.

mangan sega karo apa?

Temboengipoen énggal: *simbok*, *olèh*, *ngentèni*, *ing*, *endi*, *sekolahan*,
doeroeng, poenika sami karembag ing blabag, dipoen sinaoe toewin

dipoen apalaken. Oegi kawewahaken kanggé larikan-temboeng lan dipoen waos wongsal-wangsoel, poenapa déné kerep kapoerih noeroen.

i. Étikètipoen tambah: *simbok, sekolahan, sega*. Anggènipoen nggladi maos lan ngapalaken étikèt kadamela ingkang njenengaken manahipoen laré kados jèn pinoedjoe dolanan.

j. Larikanipoen temboeng:

13.	déwé	14.	pitik	15.	lo	16.	soeradi
	roḍané		réta		woeloeng		soeti
	paḍa		teka		lagi		woeloeng
			soeti		loewé		loewé
					noeloengi		moelih
					ndjaloek		ndjaloek
					moelih		doeroeng
					lah		noeloengi
					sekolahan		akoe
	d.		t.		l.		oe.

(Penget. Aksara d, t, l, oe, poenika boten kaserat ing sangandaping larikan-temboeng).

Larikan-temboeng poenika dipoen sinaoe ngantos ngretos lan apal saéstoe, lan dipoen wongsal-wangsoelana.

k. Sasampoenipoen ngeblak lan noeroen, ladjeng *dikté-namataken*. Sadaja temboeng-temboeng ingkang pinanggih ing gambar-waosan IV pangrembagipoen kados ingkang katjeta ing k nalika ngrembag gambar-waosan III. Temboeng-temboeng saking gambar I, II lan III oegi dipoen rembag kados makaten.

Sapoenika miwiti njoba *dikté-limrah*. Minangka pepoetjoek soepados boten ngegèt tjakipoen, ing roemijin laré kapoerih njerat temboeng ingkang sampoen dipoen koelinani. Gambar-gambar-waosan taksih adjeg tjoemanṭèl ingadjeng klas. Laré ingkang kendo kénging ningali gambar-gambar-waosan poenika manawi wonten soepènipoen panjerat. Temboeng ingkang ngrekaos lan angèl panjeratipoen dipoen tjatetana lan dipoen pèngetana ingkang titi. Temboeng makaten poenika dipoen kerepana anggènipoen mongsal-mangsoeli, ngantos boten lepat malih.

l. Sagedipoen goeroe ngrampoengaken gambar-waosan No. 4 poenika ing dalem 2 minggoe.

BAB VIII

Gambar-waosan V.

Mriksanana gambar No. 5 ing ngandap.



di akoe menjang pasar

akoe mèloe ja pak

ora kowé ana ing omah baé

adja nakal mengko dak-olèh-olèhi

Sasampoenipoen gambar-waosan V katjanṭèlaké ingadjeng klas, lan laré kapoerih namataken sawatawis wekdal, goeroe ladjeng takèn: Iki gambar apa? — Gambar pasar. — Sapa sing weroeh, endi pak Soeradi? — koewi sing nganggo tjaping. — Lah, koewi wong sing nganggo pètjis, lagi apa wong koewi? — nDjaloeki kartjis. — Apa pak Soeradi ija wis toekoe kartjis?

Ing béndjing manawi pinoedjoe moelang „tjetjatoeran = gineman takèn-tinakèn” gambar poenika kénging karembag ragi rowa. Rèh-ning sapoenika preloenipoen saweg moelang maos, dados anggènipoen takèn bab gambar waoe tjekap samanten kémawon.

Sapoenika ngladjengaken tjrita:

Wingi ésoek pak Soeradi menjang pasar, djarité anjar, nganggo

tjaping. Soeradi wis dandan arep mangkat sekolah. Nalika bapakné arep boedal, kanda mangkéné marang Soeradi: (kèndel sakedap).

„di, akoe menjang pasar” (katirokaken).

Lah, kowé mestiné ija ngreti, Soeradi ija kepéngin mèloe, moela- né tjalaŕoe mangkéné: (kèndel sakedap).

„akoe mèloe ija pak?” (katirokaken).

Nanging bapakné ora olèh. Soeradi rak koedoe mleboe sekolah, ora kena lowong moeng preloe arep menjang pasar. Karo manèh, moelihé tjalon awan banget. Bapakné mangsoeli: (Kèndel sakedap).

„ora, kowé ana ing omah baé.” (katirokaken).

Bapakné ija welas marang anaké, kepéngin mèloe menjang pasar kepeksa ora noeroeti. Soepaja Soeradi ora gela, bapakné bandjoer goeneman mangkéné: (kèndel sakedap).

„adja nakal, mengko dak olèh-olèhi.” (katirokaken).

Bareng dikandani ngono, Soeradi mari gela, malah katon boengah. Lan manèh Soeradi koewi ngretèn, ngreti nèk bapakné ana pasar mengko akèh sing ditandangi (akèh pagawéané). Soeradi ija ngreti, jèn ora betjik, lowong sekolahé preloené moeng arep menjang pasar baé.

Sapoenika ladjeng nindakaken panglantih:

b. ngapalaken.	dipoen tindakaken mawi
c. maos boekoe-waosan I.	sadaja panggladi-panggladi
d. ngeblak.	kados ingkang kaseboet
e. maos oekara ² sarana blendjatan.	nalika moelangaken gam-
f. nggoentingi waosan dados oekara.	bar-gambar-waosan ingkang
	sampoen kapengker.

g. ngGoentingi oekara dados temboeng (wadah No. 5).

Oekara-oekara ingandap poenika: kadjèdjèr, kawaos, kaserat ing blabag, kanggé mangsoeli maos.

bapak arep menjang pasar.

sapa arep mèloe?

soeradi arep mèloe.

soeti ija arep mèloe.

bapak apa wani déwé?

soeradi karo soeti ana ing omah baé.

mengko dakolèh-olèhi meri. (Saladjengipoen).

h. Maos boekoe-waosan II. Dipoen toeladani roemijin.

5a. menjang pasar.

bapak arep menjang pasar.

sapa arep mèloe?

soeradi arep mèloe?

soeti ija arep mèloe.

bapak apa awèh?

ora, soeradi *dikon* ana ing omah baé.

5b. kaé bapak wis moelih.
endi?

kaé lo, ing *lawang*.

nggawa apa?

nggawa olèh-olèh.

ajo *dipeṭoek*.

soeradi karo soeti apa nakal?

ora.

enja, iki lo olèh-olèh.

Temboeng-temboeng énggal: awèh, *dikon*, *lawang*, *nggawa*, olèh-olèh, *dipeṭoek*, poenika karembag kados ingkang sampoen.

Kretas alit-alit mawi seratan temboeng-temboeng waoe kasimpen ing waḍah no. 5.

i. Étikètipoen tambah: *lawang*, olèh-olèh, *nggawa* l.s.s.
Ladjeng maos étikèt (*mriksanana ngadjeng*).

j. Larikanipoen-temboeng:

17. meriné	18. rénéa	19. gabah	20. apa	21. meriné
maboer	dipakani	moelih	ana	wedi
moelih	ana	omah	bisa	teka
mangan	noeloengi	olèh	réta	sega
menjang	roḍané	awèh	paḍa	menjang
mèloe	nakal		adja	mengko
omah	dikon		sega	
mangsa	babon		teka	
simbok			nggawa	

m. n. Aksara h ing a. e.
poengkasanipoen temboeng.

k. Dikté (namataken lan limrah) teroes katindakaken. Temboeng toewin oekara ingkang angèl kanggé laré, katjaṭetana, preloenipoen ing sanès wekdal kaḍiktèkaken malih, ngantos boten lepat malih.

l. Goeroe moelang gambar-waosan No. 5 poenika saged rampoeng ing dalem 2 minggoe.

BAB IX

Gambar-waosan VI.

Mriksanana gambar No. 6 ing ngandap.



di soeradi ajo bareng mangkat sekolah
akoe doeroeng dandan kok
lo wis djam pitoe ki
ngentèni ja sedéla baé
gelis ta mengko kasèp tekané

a. Tjritanipoen.

Saben ésoek Soeradi mesti ngopèni pitiké, déné Soeti ngopèni bèbèké. Botjah loro ikoe tresna marang ingon-ingoné, olèhé ngopèni gemati banget. Maoe ésoek ija ora lali ngopèni. Soeradi kesenengen njawang pitiké pada lemoe-lemoe, nganti ora weroeh jèn wis rada awan, wis djam 7. Soeradi ngénak énak waé, ngira isih ésoek wektoené isih ombèr. Soeradi dibengoki Soetapa: (kèndel sakedap).

„di, soeradi, ajo bareng mangkat sekolah!” (katirokaken).

Soeradi gragapan karo goeneman déwé ngéné: Lo, apa wis awan! Soeradi rada samar, gèk mengko kèri tekané ing sekolahan, moelané kepéngin mbarengi kantja-kantjané. Soeradi mleboe ngomah, mlajoe, karo njaoeri Soetapa: (kèndel sakedap).

„akoe doeroeng dandan, kok.” (dipoen tirokaken).

Soetapa ngakon Soeradi gelis, olèhé dandan, marga wis awan, tjalaŕoené: (kèndel).

„lo, wis djam pitoe, di!” (katirokaken).

Wah, Soeradi saja deg-degan atiné, njaoeri ngéné: (kèndel sakeŕap).

„ngentèni ja, sedéla baé.” (katirokaken).

Nèk ming sedéla baé Soetapa gelem ngentèni. Kantja-kantjané paŕa diŕik. Soetapa ija mèloe deg-degan, moelané mbengoki manèh: (kèndel sakeŕap).

„gelis ta, mengko kasèp tekané.” (katirokaken).

Soeradi njagoehi, arep énggal-enggal olèhé dandan. Pantjèn njata, sedéla baé wis rampoeng. Angger olèhé mlakoe rikat, tekané ora bakal kasèp.

Sapoenika nindakaken panglantih kados ingkang sampoen kaan-ŕaraken ingadjeng.

b. ngapalakan.

c. maos boekoe-waosan l.

d. ngeblak.

e. maos oekara-oekara sarana blendjatan.

f. nggoentingi waosan dados oekara.

dipoen tindakaken mawi sadaja panggladi-panggladi kados ingkang kaseboet nalika moelangenaken gambar-gambar-waosan ingkang sampoen kapengker.

g. ngGoentingi oekara dados temboeng (wadah No. 6).

Nalika nindakaken ingkang kaseboet ing g, oekara-oekara ingandap poenika kénging kadjèdjèr, kawaos, toewin kaserat ing blabag kanggé mangsoeli. Anggènipoen mangsoeli sawatawis ambalan kémawon.

ajo, di, mangkat sekolah.

apa soeradi wis dandan?

doeroeng.

apa ora kasèp tekané?

ija, mengko kasèp.

sapa ngentèni? soetapa.

soeradi gelis dandan.

sedéla baé wis dandan.

paŕa mangkat bareng.

soeradi mangkat sekolah.

sedéla baé wis téka.

wis djam pitoe.

soeradi doeroeng dandan.

apa ora mangkat sekolah.

doeroeng baé.

soetapa apa ora ngentèni?

ija, ngentèni.

ajo, gelis soeradi.

akoe ngentèni sedéla baé.

kaé soeradi wis dandan.

gelis paŕa mangkat sekolah.

(Makaten saladjengipoen).

h. Maos boekoe-waosan II. Noeladani maos roemijin:

- | | |
|---|---|
| 6a. mangkat sekolah.
soetapa apa ngentèni soeradi?
ija, ngentèni.
apa soewé?
ora, moeng sedéla baé.
saiki soeradi wis dandan.
noeli menjang endi?
noeli menjang sekolahan. | 6b. bareng karo sapa?
bareng karo soetapa.
saiki wis djam pira?
wis djam pitoe.
apa ora kasèp takané?
ora.
nggawa apa?
nggawa sabak karo grip. |
|---|---|

Temboeng-temboeng énggal: soetapa, soewé, moeng, noeli, sekolahan, sabak, grip, karembaga kados ingkang kapratélakaken ingadjeng.

Temboeng-temboeng waoe kasimpen ing wadiah No. 6.

i. Étikèt tambah: soetapa, sekolahan, sabak, grip, dandan, djam (djam ageng), pitoe.

Ladjeng maos étikèt, katindakaken mawi tjara „dolan” kados ingkang sampoen-sampoen.

j. Larikanipoen temboeng:

22. bareng	23. djago	24. ajo	25. ngentèni	apa	
mangkat	djam	ija	kasèp	pak	
menjang	ndjaloek	généja	olèh	pitik	kanggé
doeroeng	adja		mèloedi	pakani	tambahan
ngentèni	djaran	e	awèh	pasar	larikan-
mengko				paða	temboeng
mangan				pitoe	No. 3.
noeloengi				kasèp	[aksara p].
woeloeng					
mangsa					
ng.	dj.	j.	è.	p.	

k. Dikté namataken mawi temboeng-temboeng (ing sanès wekdal inggih oekara-oekaranipoen) saking gambar-waosan VI ladjeng katindakaken. Manawi sampoen dikté-namataken, ladjeng dikté-limrah, inggih poenika sasampoenipoen noeroen. Sampoen kesoepèn: njateji temboeng-temboeng toewin oekara-oekara ingkang angèl, kanggé mangsoeli soepados laré boten lepat malih panjeratipoen.

l. Anggènipoen moelang gambar-waosan No. 6 poenika sampoen kénging dipoen rikataken, awit laré sampoen mindak kaprigelanipoen. Wekdal saminggoe kinten-kinten sampoen tjekap.

BAB X

Gambar-waosan VII.

Mriksanana gambar No. 7 ing ngandap.



kaé lo di pelemé gedé-gedé
ora kena dipèk lo
mengko dak balangé watoe
sapa koewi njolong pelem
soeradi lan soetapa pada mlajoe

a. Tjritanipoen.

Soerata, Soetapa lan Soeradi moelih saka sekolah. Lakoéné ngliwati kaloerahan. Botjah teloe maoe weroeh pelem rada akèh pada goemlétak ana ngisor wit. Bandjoer pada ngintjeng saka pager. Ora wani mleboe lataré mas loerah. Wah, wohé mbijet, pating grandoel toer wis mateng-mateng. Pang sing mangloeng ing dalan ija akèh pelemé. Soerata kanda: (kèndel sakedap).

„kaé lo, di, pelemé gedé-gedé.” (katirokaken).

Soeradi moeng njawang Soerata, ngélikaké ngéné: (kèndel sakedap).

„ora kena dipèk, lo!” (katirokaken).

Soerata botjah mbegoedoel, kepéngin mangan pelem sing sadjaké énak legi ngono koewi, tjalaŕoené: (kèndel sakedap).

„mengko, tak balangé watoe.” (katirokaken).

Soeradi ngélikaké manèh: „Adja, Ta, ati-ati lo, mengko nèk konangan mas loerah, blai mengko.” Wis takkandakaké, Soerata koewi botjah mbegoedoel, bandjoer ndjoepoek watoe kanggo mbalang pelem. Woet, tjilaka, watoené ndadak tiba mak bloek ing èmpèr pendapa kaloerahan. Mas loerah loenggoeh ana ing èmpèr, wiwit maoe ngawasaké botjah teloe ikoe. Bareng kroengoe watoe mak bloek toer mèh ngenani, bandjoer alok: (kèndel sakedap).

„sapa koewi njolong pelem!” (katirokaken).

Alok mangkono ikoe karo mlajoe nggawa pentoeng marani botjah teloe maoe. Soerata weroeh disik, bandjoer ngandani kantjané didjak mlajoe. Lah kaé: (kèndel sakedap).

„soeradi lan soetapa pada mlajoe.” (katirokaken).

Lah, Soerata kaprijé? Nalika ikoe Soerata lagi ndjoepoek pelem sing roentoeh dibalang maoe. Kroengoe swara pating gedeboeg goegoep, mlajoe noetoeti kantjané, pelemé nggrègèli, sida ora kepangan.

Ladjeng nindakaken ingkang kaseboet ing: *b, c, d, e, f, g*, kados moelangaken gambar I doemoegi VI. Manawi doemoegi *d*, ing sasaged-saged miwitana njerat (noeroen) pijambak. Bab *g* oegi katindakna kados ingadjeng: ndjèdjèr, maos toewin saben-saben njerat oekara-oekara ing blabag kanggé mangsoeli.

kaé pelem!

pelemé gedé-gedé.

apa kena dipèk?

ora kena.

dak balangé watoe.

ora kena.

apa bisa kena.

apa soeradi mlajoe?

soetapa ija mlajoe.

pelemé apa ana?

ija, ana.

lo dipèk sapa?

dipèk soetapa.

pelemé kena dipèk?

sapa njolong pelem?

sapa teka?

nggawa apa?

soeradi karo soetapa wedi.

pada mlajoe.

(Lan sanès-sanèsipoen).

Manawi mbetahaken temboeng-temboeng ingkang sampoen kapingker, oepami temboeng *sapa, apa, wedi, ija*, inggih kantoen mendet kémawon saking simpenan. Manawi sampoen, temboeng-temboeng waoe kalebetaken ing wadhipoen malih.

h. Maos boekoe-waosan II. Noeladani:

7a. njolong pelem.
ana pelem gedé-gedé.
ana ing endi?
ana ing lataré mas loerah.
apa olèh dipèk?
ora, ana sing doewé ta.
sing doewé sapa?
sing doewé mas loerah

7b. soerata apa nakal?
ija, nakal banget.
généja?
pelem dibalangi watoe.
akèh pelemé sing tiba.
soerata arep apa?
soerata arep njolong pelem.
soeradi, soetapa lan soerata paḍa mlajoe.
généja? wedi karo mas loerah.

Temboeng-temboeng énggal: mas loerah, lataré, sing, doewé, banget, tiba, généja, akèh l.s.s. karembag ing blabag. Kretas alit-alit ingkang mawi temboeng-temboeng poenika kasimpen ing waḍah No. 7.

i. Étikètipoen wewah: loerah, tiba, latar, pelem, watoe, mlajoe.
Maos étikèt katindakaken kados adat ingkang sampoen.

j. Larikanipoen temboeng:

26.	27.	28.		29.
njolong	mlajoe	maboer	babon	djam
menjang	mleboe	pasar	mangan	pelem
njapoe e	młati	e	latar	dandan
banjoe			ngentèni	
enja				
nj.	ml.	r.	n.	m.
				ṭ.

gelis } aksara-swara-noenoet [medeklinker] ing wekasaning
wis } temboeng oetawi wanda.

e tegesipoen étikèt.

k. Dikté-namataken, sasampoenipoen nindakaken ingkang kaseboet ing d lan sasampoenipoen noeroen piwoelang kaping VII, katindakaken mawi sadaja temboeng-temboeng (ing tembé inggih oekara-oekaranipoen) piwoelang VII poenika. Sampoen kesoepèn njatet ingkang angèl-angèl!

l. Moelang gambar-waosan No. 7 poenika saged rampoeng ing dalem saminggoe.

BAB XI

Gambar-waosan VIII.

Mriksanana gambar No. 8 ing ngandap.



sibapak ngoendoeh krambil
krambilé tiba swarané boeg boeg
ajo krambilé kloempoekna ing latar
gloendoengna mréné waé
arep dak dol menjang paljinan

a. *Tjritanipoen.*

Ing sawidjining dina, Ngahad ésoek, pak Soeradi goeneman mangkéné: krambilé wis toewa-toewa. Saiki wis wajahé ngoendoehi. Bareng wis rada awan, wité wis ora loenjoe, pak Soeradi mènèk, njengkelit arit, olèhé mènèk mantjad tataran. Sadéla baé wis tekan poetjak. Bareng wis mapan, bandjoer mbatjoki djandjangan: tjrok, tjrok, krambilé pada tiba.

Soeradi karo Soemitra pada dolanan ana ing ratan. Botjah loro maoe pada kroengoe swarané krambil tiba. Soemitra takon: Apa kaé? Soeradi mangsoeli: (kèndel sakedap).

„sibapak ngoendoeh krambil.” (katirokaken laré sawatawis).

É, ija! Soemitra alok: (kèndel sakeḍap).

„krambilé tiba, swarané: boeg, boeg.” (katirokaken).

Soeradi kanda: Ajo paḍa ndeleng. Bok manawa mengko dioendoeh-aké degan. Djeboel kebeneran bapakné lagi moeḍoen. Sadoeroengé mènèk wit lijané, kanda marang Soeradi: (kèndel sakeḍap).

„ajo, krambilé kloempoekna ing latar.” (katirokaken).

Soeradi doeroeng ngreti rékané, moelané takon. Bapakné mangsoeli: (kèndel sakeḍap).

„gloendoengna mréné waé.” (katirokaken).

Soeradi lan Soemitra paḍa ngloempoekaké krambil digloendoeng-aké. Pak Soeradi mènèk ing wit lijané. Soeti ngréwangi, nggèrèt blaraké. Embokné njawang botjah-botjah paḍa ngréwangi bapakné.

Bareng krambilé kabèh wis ngloempoek ana ing latar, mbok Soeradi takon marang pak Soeradi, krambilé arep dikapakaké.

Pak Soeradi mangsoeli: (kèndel sakeḍap).

„arep dak dol menjang patjinan.” (katirokaken).

Sapoenika ladjeng nindakaken panglantihipoen, oeroet-oeroetani-poen kados ingkang sampoen:

b. ngapalaken;	} katindakaken mawi pang- gladi-gladi kados ingkang kase- boet nalika moelangaken gam- bar-gambar-waosan ingkang sampoen kapengker.
c. maos boekoe-waosan I;	
d. ngeblak;	
e. maos oekara-oekara, blendjatan;	
f. nggoentingi dados oekara;	
g. nggoentingi dados temboeng.	

Manawi nindakaken panggladi kaseboet ing g, kadjawi nganggé temboeng-temboeng saking gambar VIII, oegi damel oekara nganggé temboeng-temboeng ing gambar ingkang sampoen kapengker kados ingkang kaseboet ingandap poenika. Saben-saben oekaranipoen oegi kaserat ing blabag kanggé mangsoeli. Maosipoen sawatawis ambalan kémawon sampoen tjekap.

swarané boeg, boeg kaé apa di?

swarané krambil tiba.

bapak lagi ngoendoeh.

ajo, paḍa moelih.

lah, kaé, bapak teka.

noeloengi apa?

krambilé kloempoekna ana ing
latar.

gelis gloendoengna mréné.

krambilé mengko dak dol.

apa dipetoek.	menjang patjinan.
ndjaloek apa?	patjinan ana ing endi, pak?
ndjaloek krambil.	ing koeta ta.
soeradi, soeti, rénèa.	mengko dak olèh-olèhi.
soeradi karo soeti pada noeloengi.	(lan sapitoeroetipoen).

h. Maos saking boekoe-waosan II. Dipoen toeladani maos:

8a. ngoendoeh krambil.
soemitra kroengoe swara boeg, boeg.
 lo, koewi swarané apa, di?
 bapak ngoendoeh krambil.
 ajo pada ndjaloek degan.
botjah-botjah tjeloek-tjeloek:
 akoe ndjaloek degan, pak.
 kowé adja mréné, lo.
 ing kono baé.
 bapak noeli moedoen.
 botjah loro pada noeloengi ngloempoekaké.
 krambilé digloendoengaké menjang latar.
 soemitra karo soeradi diwènèhi degan.
banjoené diombé.
 wah seger rasané.

8b. bapak ana ing latar.
 lagi njloembat krambil.
 jèn wis olèh sepoeloeh, diðèwèkaké sidji.
 koewi kanggo apa ta?
 krambilé digawé apa, pak?
 arep dak gawa menjang koeta.
 dak dol menjang patjinan.
 sing sepoeloeh digawé lenga.
 sing gawé lenga sapa, pak?
 simbok, kowé betjik ngréwangi.

Temboeng-temboengipoen énggal: soemitra, kroengoe, koewi, degan, botjah-botjah, tjeloek-tjeloek, kono, moedoen, ngloempoekaké, digloendoengaké, diwènèhi, diombé, banjoené, wah, seger, rasané, njloembat, diðèwèkaké, kanggo, sepoeloeh, lenga, betjik, ngréwangi.

Temboeng-temboeng énggal poenika ladjeng karembag kados ingadjeng. Kretas alit-alit ingkang mawi seratan temboeng-temboeng waoe ladjeng kasimpen ing wadāh no: 8.

i. Temboengipoen étikèt wewah: soemitra, botjah-botjah, degan, krambil, njloembat, moedoen.

Poenika ladjeng kawaos kados ingkang kaseboet ingadjeng.

j. Larikan temboeng kanggé gambar-waosan VIII:

30. krambil	31. patjinan	32. kloempoekna
kroengoe	botjah	gloendoengna
mréné	katja e	njloembat
swarané	latji e	klambi e
srabi e	katjoe e	klasa e
sroetoe e	tjoro e	sloembat
kr-sw-sr.	tj.	kl-gl-njl-sl.

(e. tegesipoen wewahan saking étikèt).

Njinaoe, ngapalaken toewin mangsoeli larikan temboeng dipoen teroesaken kados ingkang sampoen. Oegi madosi toewin noedingi wanda-wandaning temboeng ingkang mawi aksara-gatra (aksara pedjah = medeklinker = ingkang swaranipoen namoeng noenoet), inggih poenika: g, s, b, d, t, l sapitoeroetipoen ingkang pinanggih ing temboeng-temboeng ngrikoe. Ing béndjing oegi madosi aksara-aksara swara.


k. Dikté-namataken mawi temboeng-temboeng toewin oekara-oekara ingkang kaseboet ing gambar-waosan VIII toewin saking waosan 8a lan 8b. Manawi sampoen dikté-namataken, ladjeng dikté-limrah, ingkang kadiktèkaken inggih poenika temboeng-temboeng toewin oekara-oekara saking gambar-gambar-waosan ingkang sampoen kapengker.

l. Anggènipoen moelang gambar-waosan No. 8 poenika saged rampoeng ing dalem saminggoe.

BAB XII

Gambar-waosan IX.

Mriksanana gambar No. 9 ing ngandap.



soemitra akoe njilih gripmoe sidji
enja boebar sekolah balèkna ja
botjah-botjah pada noelis
kabèh pada sregep
ora ana sing sembrana

a. Tjritanipoen.

Moerid-moerid mentas diwoelang étoeng anjar, lésan ana ing blabag. Saiki botjah-botjah tanpa étoengan kaja ngono koewi, diðawoehi ngétoeng ana sabak. Wah, étoengé akèh banget, blabagé nganti mèh kebak. $3 + 4 = \dots$, $2 \times 3 + 1 = \dots$, $2 \times 2 - 1 = \dots$, $5 \times 2 - 7 = \dots$

Saka panemoené moerid-moerid, étoengan-étoengan ikoe ora gampang. Kabèh, pada mampang njamboet gawé. Lah kaé, gripé Soeradi tiba, klètèk, togel dadi teloe. Soeradi saiki ora bisa noelis sing betjik. Soeradi bandjoer njilih grip marang Soemitra, temboengé: (kèndel sakeḍap).

„soemitra, akoe njilih gripmoe sidji.” (katirokaken).

Soemitra ija gelem njilihi. Wah, kebeneran kanggoné Soeradi.

Nanging jèn wis bar sekolah, gripé koedoe dibalèkaké. (kèndel sakedap).

„enja, boebar sekolah balèkna, ja-” (katirokaken).

Wis mesthi baé, wangsoelané Soeradi. Soeradi boengah, déné bakal bisa ngrampoengaké pagawéané. Lah, saiki: (kèndel).

„botjah-botjah pada noelis.” (katirokaken).

Wah, goeroené marem njawang botjah-botjah pada mèmpeing étoeng. Ora ana swara kang keproengoe, kadjabana swarané botjah noelis pating kreṭèk ing sabak. (kèndel sakedap).

„kabèh pada sregep.” (katirokaken).

Wah, pantjèn njenengaké botjah-botjah koewi kabèh: (kèndel sakedap).

„ora ana sing sembrana.” (katirokaken).

Sapoenika nindakaken ingkang kaseboet ing: *b, c, d, e, f, g* kados ingadjeng. Sadaja poenika ingkang dipoen wigatosaken: moerid kedah saged *mastani, milah-milah* toewin toemoenten saged *ngjektosi* satoenggal-toenggaling „wetahipoen” temboeng-temboeng waoe.

Manawi nindakaken bab I, oekara-oekara ingandap poenika: *kadjèdjèr, kawaos, kaserat ing blabag* ladjeng kawaos. Ingkang kaserat ing blabag poenika inggih saé kanggé ngoelinakaken *njerat pijambak* (noeroen).

soeradi njilih grip.
ndjaloek karo sapa?
karo soemitra.
apa olèh? ija, olèh.
généja soeradi njilih grip?
soeradi arep apa?
arep noelis ing sabak.
mengko balèkna gripé, ja?
botjah-botjah pada srègep.

kabèh pada noelis.
apa ana sing sembrana?
ora, sregep kabèh.
botjah-botjah noelis ing sabak.
botjahé apa akèh?
boebar noelis noeli apa?
noeli moelih.
wis djam sidji
[sapitoeroetipoen].

h. Maos boekoe-waosan II. Noeladani maos.

9a. njilih grip.

wajah ésoek djam pitoe soeradi karo soemitra bareng menjang sekolahan.

satekané ing kono mleboe ing klas.

nata sabak, boekoe lan grip.

lo, gripkoe kok ora ana, tra!

akoe dak moelih sedéla.

ndjoepoek grip ing omah.

wah, tekané kasèp mengko.

saiki wis mèh setengah woloe.

enja, dak silihi grip sidji.

soeradi boengah banget.

ora bakal disrengeni goeroené.

9b. botjah-botjah pada ana ing klas.

lagi pada njamboet gawé toelisan.

pada sregep olèhé noelis.

ora ana sing sembrana.

gripé soeradi tiba, toegel.

njilih marang soemitra manèh.

énggal diwènèhi.

boebar sekolah dibalèkaké.

soemitra karo soeradi moelih bareng.

Temboeng-temboengipoen énggal: wajah ésoek, satekané, mleboe, klas, nata, boengah, boekoe, ndjoepoek, mèh, setengah, woloe, bakal, disrengeni, goeroené, njamboet, toelisan, toegel, énggal, dibalèkaké.

Temboeng-temboeng poenika karembag ing blabag, dipoen sinaoe toewin dipoen apalaken, ladjeng kaserat ing kretas alit-alit, kanggé simpenan, dipoen wadahi ing wadahi no. 9.

i. Étikètipoen wewah: boekoe, goeroe grip, toegel, ndjoepoek.

Noenten maos étikèt, tjaranipoen kados ingkang kapratélakaken ingadjeng.

j. *Larikanipoen-temboeng kanggé gambar-waosan IX:*

33. soemitra Kadjawi njinaoe toewin ngapalaken larikan-
 sembrana temboeng énggal, oegi preloe mangsoeli sa-
 grip daja larikan-temboeng ingkang sampoen ka-
 sregep pengker. Wekdal 5 oetawi 10 menit sam-
 mréné poen tjekap. Larikan-temboeng mawi nj, dj,
 bribil e tj, ng, kedah kerep anggènipoen mangsoeli
 krai e lan manawi preloe, tjatjahing temboeng-tem-
 boengipoen katambahana. Aksara-gatra-rang-

kep: nj, dj, tj, ng, poenika karembag kados déné namoeng woe-
 djoed aksara gatra satoenggal. Ngratjoet temboeng kadadosaken
 wanda-wanda inggih teroes katindakaken. Aksara gatra-rangkep kedah
 kaoengelaken saketjap.

e tegesipoen: wewahan étikèt.

k. Temboeng-temboeng toewin oekara-oekara saking gambar-
 waosan IX toewin saking waosan 9a lan 9b kadiktèkaken, kanggé
 dikté-namataken. Dikté-limrah mendet temboeng-temboeng lan oeka-
 ra-oekara saking gambar-waosan toewin boekoe waosan ingkang
 sampoen kapengker. Dikté limrah ing sapoenika sampoen ngetjakaken
 „pangratjoet”, inggih poenika ngratjoet temboeng dados wanda.
 Oepami njerat temboeng pasar, goeroe takèn: sing kotoelis disik
 apa? (pa), bandjoer apa? (sar). — pitoe ... disik pi, bandjoer toe.
 — njolong ... disik njo, bandjoer long, makaten sapitoeroetipoen. —
 patjinan ... disik pa, bandjoer tji, noeli nan, saladjengipoen.

l. Wekdal moelang gambar-waosan No. 9 poenika kaṭah-kaṭahipoen
 1 minggoe.

BAB XIII

Gambar-waosan X.

Mriksanana gambar No. 10 ing ngandap.



afo botjah pada langèn
ing endi ta
ing kali tjedak omahé kjai édris
botjah-botjah pada bjoer-bjoeran
swarané ramé banget

a. Tjritanipoen.

Dèk samana wis mèh liboer Pasa, kari koerang sadina. Botjah-botjah kena moelih djam 11. Wah, senengé botjah-botjah wis ora karoewan. Akèh sing digantha. Ana sidji sing takon, mengko pada arep apa? Soetapa weroeh, tjalaŋtoené: (kèndel sakeŋap).

„Afo botjah, pada langèn.” (katirokaken).

Soemitra takon: (kèndel sakeŋap).

„Ing endi ta?” (katirokaken).

Wé, lah kok ora weroeh. Kaé ta, kali sing bandjir kaé. Wingi rak oedan deres. Banjoené saiki agoeng. Sedengan nèk kanggo langèn. Lah ija, kali sing endi? Akoe doeroeng weroeh! (kèndel sakeŋap).

„Ing kali tjedak omahé kjai Édris.” (katirokaken).

Ija, ija, ajo pada langèn nong kana. Kaja ngono tjalaŋtoené Soemitra karo Soetapa. Soeradi meneng baé, ora arep mèloe. Marga mentas lara panas. Jèn mèloe, bapakné mangsa awéha. Ana kantjané sidji ngarani Soeradi botjah nggelakaké toer djirihan. Soeradi dielokaké: „Lah wong bapakmoe ora weroeh wé kok!” Soeradi kepeksa mèloe. „Lah, kaé delengan!” (kèndel sakedap).

„Botjah-botjah pada bjoer-bjoeran.” (katirokaken).

Wah, pada seneng banget. Nganti soewé anggoné pada langèn. (kèndel sakedap).

„Swarané ramé banget.” (katirokaken).

Sasampoenipoen nindakaken panglantih ingkang kaseboet ing b, c, d, e, f, ing sameŋtinipoen ladjeng nindakaken ingkang kaseboet ing g: ndjèdjèr temboeng-temboeng-goentingan dados oekara warni-warni, ladjeng kawaos, oegi kaserat ing blabag kanggé waosan.

Oekara-oekaranipoen:

botjah-botjah arep apa?	botjah-botjah mèloe kabèh.
arep langèn.	apa soeradi mèloe langèn?
ing endi?	ija, soeradi ija mèloe.
ing kali.	kabèh bjoer-bjoeran.
kali endi?	bjoer-bjoeran ing kali.
kali tjedak omahé kjai Edris.	ramé banget swarané (sapitoe-roetipoen).

h. Maos boekoe-waosan II. Noeladani maos:

10a. langèn.

dèk wingi oedan deres.

saiki kaliné mèh bandjir.

kowé apa mèloe, di?

mengko pada langèn ing kali kono.

ora wani, moendak disrengeni bapak.

akoe mentas lara.

lo, bapak rak ora weroeh ta!

soeradi noeli mèloe bjoer-bjoeran.

10b. wajah bengi soeradi krasa ngeloe.

awaké panas.

larané koemat manèh.
 simbok takon: généja koemat manèh, di?
 soeradi blaka baé.
 bapak moering-moering.
 soeradi disrengeni banget.
 lagi baé mari larané, kok wis bjoer-bjoeran.
 soeradi meneng baé.

Temboeng-temboengipoen énggal: dèk, wingi, oedan, deres, bandjir,
 moendak, rak, weroeh, krasa, ngeloe, awaké, panas, koemat, blaka,
 moering-moering, meneng.

Poenika inggih ladjeng dipoen apalaken, kaserat ing blabag, noenten
 kaserat ing kretas alit-alit, kasimpen ing wadāh no: 10.

i. Etikèt tambah: oedan, bandjir, langèn, omah, kali.

Temboeng-temboeng poenika ladjeng kawaos (maos etikèt). Oegi
 maos etikèt ingkang sampoen-sampoen.

j. Larikanipoen-temboeng.

34.	35.	36.
kjai	ndjaloek	mbalangi
bjoer-bjoeran	ndjoepoek	mbadoed
kwatji e	ndandani	mbajar
kwèni e	ndjaga	mboeroe
kwali e		
swara		
		nggawa
		nggorèng
		nggloendoeng
		nggéndong
		horé
		hé
		hè
		he-eh
		her
		hès
		his
		hoermat.

(e tegesipoen wewahan saking etikèt)

*k Dikté-namataken (temboeng-temboeng toewin oekara-oekara
 saking gambar-waosan X). Dikté-limrah saking gambar-waosan toe-
 win saking boekoe-waosan ingkang sampoen kapengker. Kala-kala
 ndiktèkaken larikan-temboeng salarik. Oegi ngladjengaken ngratjoet
 temboeng-temboeng dados wanda kanggé pitoeloengan manawi
 dikté-limrah.*

*l. Gambar-waosan No. 10 poenika inggih saged rampoeng ing
 dalem saminggoe.*

BAB XIV

Pènget mangka panoetoep.

1. Ngratjoet lan ngratjik.

Manawi anggènipoen moelangaken gambar-waosan Vlli sampoen rampoeng, sampoen doemoegi ing wantjinipoen ngratjoet toewin ngratjik ingkang goematok manoet tatanan ingkang tetep, djalaran sagedipoen *maos pijambak* toewin *njerat pijambak* (dikté, ngrakit basa, sasaminipoen) kanthi patitis, kedah saged ngratjoet toewin ngratjik ingkang patitis roemijin. Mila laré kedah kaglaði toewin kalantih, kakoelinakaken ngratjoet toewin ngratjik ingkang titi. Doemoegi sapoenika laré sampoen kakoelinakaken ngratjoet temboeng dados wanda-wandanipoen preloe kanggé manggihaken aksaranipoen ingkang dados pérang-péranganipoen wanda. Ing larikan-temboeng I, II, III l.s.p laré sampoen kapoerih nggatosaken aksara: r, k, p sapitoeroetipoen. Lah ing sapoenika sampoen mangsanipoen laré ginoelang ngratjoet wanda-wanda madosi swaraswaranipoen ingkang kagarba ing wanda-wanda waoe, poenapa déné ngratjik swara-swara poenika kadadosaken wanda, ngratjik wanda-wanda dados temboeng.

Kanggé nggegoelang bab poenika ingkang prajogi pijambak sarana: migoenakaken *larikan-temboeng* ingkang sampoen dipoen koelinani laré. Ingkang makaten waoe tamtoe baðé boten wonten wanda ingkang ketjitjir.

Tjoba, sapoenika mendet temboeng saking larikan-temboeng I. Temboengipoen kawitan: *soeradi*. Temboeng *soeradi* kaoengelaken ingkang alon lan tjeṭa: *soe - ra - di*, saben ngoengelaken satoenggal-toenggoeling wanda, kalijan ngeṭok médja. Goeroe takèn: Ana pirang pérangan? (ana pérangané pira? pirang ambalan olèhkoe moeni? pirang ambalan anggonkoe ngeṭok médja?) Roengokna sing temenan: *soe - ra - di*. Rèhning laré roemijin sampoen koelina kaglaði bab temboeng poenika lan sapoenika laré inggih taksih apal temboeng *soeradi* waoe, mila „pangratjoet” makaten poenika boten baðé ngrekaos toemindakipoen. Temboeng-temboeng sanèsipoen ingkang pinanggih ing larikan-temboeng I oegi karatjoet kados inginggil poenika: *karo = ka - ro. rénèa = ré - né - a. meriné = me - ri - né.*

Sapoenika goeroe takèn: kaprijé pérangané temboeng soeradi maoe sing kapisan? (soe) sing kapindo? (ra) sing kateloe? (di). Sing kapisan maoe oenèkna manèh! (soe). Roengokna, dak oenèkné: s...oe. Sapa saiki bisa ngoenèkaké swara sing kapisan alon-alonan? (s...). Lah swara kang kapindo? (oe). Djadjal jèn digandèng (dibarengaké)? (soe).

Saiki pérangan sing kapindo: r...a. Kowé kroengoe swara kaprijé disik? (r...) Bandjoer? (a...) Jèn dibarengaké? (ra). Saiki kari pérangan sing kateloe: d...i. Sing disik swara? (d.) bandjoer (i...). Nèk dibarengaké? (di).

Manèh: pisah-pisahan, disiké: soe, bandjoer: ra, noeli: di.

Temboeng ikoe maoe tak toelisé ing blabag:

soeradi.

Djana!	toedingana: soe!	Tjorèken ngisoré!
--------	------------------	-------------------

Kowé Man	„ ra!	„ „
----------	-------	-----

Saiki Min!	„ di!	„ „
------------	-------	-----

Saiki soe, disiké sss... Tjorèken ngisoré nganggo kapoer abang!

Sawisé sss... bandjoer oe... Tjoréken ngisoré nganggo kapoer abang!

Apa djenengé aksara kapisan ikoe? (sss...).

Lah sing kapindo? (oe...).

Sasampoenipoen poenika ladjeng ngratjoet ra lan di, noenten ngratjik dados wanda toewin temboeng.

Swara-swara aksara poenika namanipoen kedah sami kalijan swara ingkang kapi reng ing temboengipoen, dados goemandèngipoen swara-swara waoe ngantos dados wanda: *teroesan kémawon*. Mila aksara s ing wanda soe namanipoen sanès ès, ês oetawi sê, nanging sss... (swara ngeses). Aksara r inggih boten kanamakaken èr, êr oetawi rê, nanging rrr... (swara saking kedèring ilat). Kaprasoedia saèstoe: sampoen ngantos pisan-pisan lepat anggènipoen ngoengelaken swara-swaraning aksara-gatra, djalaran manawi ngantos lepat, ing mangké toemrapipoen moerid badé ngrekaos sanget tjaking ngratjoet lan ngratjik.

Manawi pangratjoet lan pangratjikipoen temboeng-temboeng ing larikan-temboeng l (r, k, p) sampoen rampoeng, laré-laré ladjeng kapoerih pados temboeng-temboeng mawi: s, r, d, m, n, oepami: sapoe, réta, dara, mata, nini sapanoenggilanipoen. Temboeng-temboeng poenika dipoen ratjoet lan kaserat ing blabag.

Ngratjoet kados makaten poenika tjekap sawatawis ambalan ing saminggoenipoen, saben-saben boten kénging langkoeng saking $\frac{1}{2}$ djam, langkoeng prajogi ngirangi wekdal nanging dipoen kerepi anggènipoen ngambali. Nanging toemindakipoen kedah gontas-gantos, bakda ngratjoet sawatawis dangoenipoen, ladjeng ngratjik, noenten njerati ing blabag, mangké ngratjoet malih, ladjeng ngratjik, sapitoeroetipoen; poenika preloenipoen laré sampoen ngantos kemba oetawi bosen. Sampoen kekatàhen ginem, poenapa déné sampoen ngantos nerang-nerangaken, ingkang dipoen katàhi inggih poenika anggènipoen nge-tjakaken.

(Ing klas II ngratjoet lan ngratjik poenika sampoen kénging dipoen wiwiti sasampoenipoen gambar VI).

II. Sapinten laminipoen wekdal kanggé moelangaken gambar-gambar-waosan poenika?

Mitoeroet pangalaman ing 5 pamoelangan-panjoban kados makaten peprintjènipoen:

Gambar I ngantos tigang minggoe, gambar II, III, IV lan V kirang langkoeng ngalih minggoe. Manawi sampoen doemoegi samanten, laré sampoen katàh kaprigelanipoen, mila kanggé gambar-gambar tjandakipoen tjekap njaminggoe, poenika sampoen nindakaken sadaja panggladi lan panglantih. Wekdal samanten laminipoen poenika tjekap kanggé klas I ingkang *limrah*, ingkang lowongipoen boten patos katàh, kirang saking 10 %. Manawi toemrap klas II piwoelang gambar-waosan I doemoegi X saged rampoeng ing $2\frac{1}{2}$ woelan oetawi 3 woelan. Lebar liboeran-pandjang (Sijam) piwoelang maos ingkang sampoen kapengker dipoen wangsoelana roemijin.

Goeroe kedah saged ndoengkap pijambak, manawi sampoen moelangaken satoenggaling gambar-waosan sarampoengipoen, poenapa ladjeng saged miwiti gambar waosan tjandakipoen poenapa boten. Manawi moerid-moerid ingkang katàh njata sampoen *damang* dateng piwoelang, toemoenten saged ngjektosi temboeng-temboeng ing gambar-waosan toewin ing larikan-temboeng, inggih toemoenten ngladjengaken piwoelang.

Manawi sampoen doemoegi titinipoen dikté-limrah (inggih poenika sasampoenipoen gambar VI), laré inggih kedah saged njerat temboeng-temboeng toewin oekara-oekara ingkang kadiktèkaken tanpa lepat.

Preloe sanget goeroe tansah ngawoeningani ing lepat-lepating panjerat. Lepat-lepat poenika anggènipoen ngleresaken sarana mangsoeli ndiktèkaken malih, nanging nganggé dapoekan sanès. Langkoeng prajogi, manawi lepat-lepat poenika *dipoen kawékani* ing sadèrèngipoen.

III. Piwoelang sanèsipoen malih, ingkang preloe kawoelangaken, inggih poenika: *a* Aksara ageng, *b* Seratan *dojong*, *c* Isining waosan tjandakipoen.

a. Boekoe-boekoe-waosan kawitan dèrèng migoenakaken aksara ageng. Penganggènipoen aksara ageng saweg dipoen wiwiti ing boekoe-waosan-sambetan. Ing boekoe-waosan-sambetan oegi migoenakaken tanda-tanda-waosan: titik, koma, tanda pitakèn, tanda pang-oewoeh. Moelangaken aksara ageng boten preloe pandjang-pandjang: oepami mranggoeli aksara ageng *S*, goeroe tjekap njrijosi: iki aksara gedé *s*! Aksara waoe kaserat ing blabag, boten kénging kaboesak sawatawis mangsa. Makaten oegi aksara-aksara ageng sanèsipoen ingkang pinanggih ing waosan énggal sami kaserat ing blabag. Salebar maos, aksara ageng sawatawis waoe kasinaoe malih rerikatan, ngantos sakinten apal: $A = a$. $S = s$. $B = b$.

Aksara ingkang taksih katah èmperipoen kalijan aksaranipoen alit, apal-apalanipoen prasasat boten wonten rekaosipoen: (*P, D, S, O, J*). Déné aksara ageng sanèsipoen (*A, B, E, G, H*) ingkang sampoen katah njimpangipoen saking sesipataning aksara alit, tamtoe kémawon inggih langkoeng angèl (*dangoe*) apal-apalanipoen, nanging manawi kerep anggènipoen mangsoeli, toemindakipoen inggih boten badé ngrekaos sanget-sanget.

b. Moelangaken seratan limrah (*dojong*) kados ingkang kaseboet ing Rantjangan Piwoelang (*Leerplan*), toemindakipoen radí langkoeng rekaos tinimbang moelangaken aksara ageng. Patrap ingkang prajogi toer gampil, makaten:

Waosan ingkang kaseboet ing gambar-waosan poenika dipoen-tjap (*dipoen hectograf = dipoen goedir*) mawi aksara limrah. kaserat ing kretas. Oekoeranipoen kretas waoe sami katijan lembaran-waosan. Ngetjap makaten poenika boten ngrekaos, wragad sakedik: ndamel sapisan, kanggé sawatawis taoen laminipoen. Mangké toemindakipoen

sami kalijan nalika moelangaken aksara-setengah-gedrig (blokletters), inggih poenika sarana dipoen blak wongsal-wangsoel, ngantos wang-oening aksara-limrah waoe mèmper. Sasampoenipoen ngeblak, ladjeng noeroen wonten sabak. Aksara ageng seratan-limrah (dojong) inggih teroes dipoen anggè lan dipoen woelangaken pisan. Manawi kepri-gelanipoen laré sampoen tjekap, ladjeng wiwit njerat pijambak (noe-roen) piwoelang saking boekoe-waosan, katoeroen wonten sabak. Goeroe kedah ndjlimet anggènipoen ngawat-awati toewin tlatos anggènipoen nenoentoen.

c. Kanggé njaèkaken saha ngadjengaken kaprigelanipoen laré ing bab maos, laré kedah nggladi lan *nglelanti* pijambak, tegesipoen: laré ing sasaged-saged kedah njoba saged maos pijambak sarana ngoṭak-aṭik pijambak. Toemrap boekoe-waosan-sambetan prajogi nganggé patrap makaten:

Laré oepami badé maos waosan kaping 3. Goeroe tjrijos: „Larikan kapisan ikoe watjanen, nanging batinen baé!” Manawi sakin-ten laré saklas sampoen rampoeng anggènipoen maos batos, goeroe ladjeng takèn: „sapa sing bisa matja larikan kapisan ikoe maoe sing seroe?” Laré ingkang sami ngatjoeng katoeding satoenggal, dipoen pilih saking ingkang pinter-pinter. „Ija, kowé, Simin, watjanen! Botjah lijané kena mèloe matja, nanging moeng oemik-oemik baé, ora kena njwara. Sapa sing ngroengoe loepoet kena ngatjoeng.” Manawi pamaosipoen Simin leres, oetawi manawi pantjèn wonten lepatipoen lan lepat waoe sampoen kaleresaken, salah satoenggaling laré ingkang pinter sanèsipoen kapoerih maos malih, wasana noeding laré ingkang kagolong kendo.

Rèhning wosing piwoelang poenika: ngadjengaken pikantoeking kaprigelan maos, mila anggènipoen mongsal-mangsoeli, boten kénging kekatahen, poenika kanggé ngawékani, soepados laré sampoen ngan-tos apal.

Manawi waosan satoenggal (sapiwoelang) sampoen karembag kados kaseboet inginggil, goeroe ladjeng noeladani maos, soepados laré mireng lagoe ingkang saé. Sapoenika noeding laré golongan kendo satoenggal kalih kapoerih maos.

Manawi patrap makaten poenika, boekoe-waosan énggal saged tamat. Sapoenika kantoen mangsoeli: Sariman lan Soedjana piwoelang ka-pisan. Bardja lan Simin waosan kaping kalih, makaten sapitoeroeti-

poen. Manawi nalika maos-mangsoeli makaten poenika meksa mranggoeli lepat ingkang ngrerendet lampah, waosanipoen namoeng kawangsoelan malih kémawon, sapisan oetawi kaping kalih. Laré ingkang mireng lepat tjekap ngetjoengaken dridji. (boten preloe moengel). *Inkang tansah kawigatosaken inggih poenika: Laré sadaja kedah toemoet maos lan nggatosaken. Toemrap laré ingkang boten toemoet maos lan nggatosaken, wekdal maos poenika wekdal moespra.*

IV. Kados poendi menggah ing prajoginipoen patrap anggènipoen mranata woelangan ing sadinten-dintenipoen, moerih saged nggajoeh wohing piwoelang ing sasaé-saénipoen?

Pangrantjanging *Tatanan Piwoelang* (lesrooster) kedah mèngeti bab-bab kaseboet ingandap poenika:

- a. Inkang katjah sekolahan-doesoen poenika goeroenipoen 2 oetawi langkoeng. Klas I saged nampi piwoelang djam 7.30—10.15, goeroe boten ngrangkep.
- b. Gegajoetan kalijan oemoer-oemoeraning laré, satoenggal-toeng-galing piwoelang boten kénging langkoeng saking $\frac{1}{2}$ djam.
- c. Ing sadinten-dintenipoen kedah dipoen katahi sontan-santoen-ing gantosipoen piwoelang. Woelangan ingkang namoeng sawarni kémawon poenika mahanani pedjahipoen grengsenging laré.
- d. Laré kedah katjah toemandangipoen ing damel, tandang-ragang pijambak. Namong kapoerih mirengaken poenika ngengetoel pikiran, adakanipoen laré ladjeng doemawah ing „tilem”. Isining piwoelang ing gambar-waosan toewin ing boekoe-waosan ing sasaged-saged kadamela woelangan ingkang *maedjoed*, liri-poen: tindak ingkang katjéta ing gambar toewin waosan waoe kapoerih *nglampahi*, kapoerih *ngalami pijambak* (nirokaken). nDjèdjèr temboeng-temboeng-goentingan dados oekara tjekak-tjekak mawarni-warni toewin maos etikèt ingkang tjakipoen sinambi „dolan” kados ingkang katjéta ingadjeng, poenika sadaja nenoentoen laré dateng: *pakarti pribadi*.

BAB XV

Gandèngipoen kalijan piwoelang sanès-sanèsipoen.

Ingadjeng sampoen kaandaraken, bilih piwoelang maos ing sasaged-saged kedah kagandèngaken kalijan piwoelang sanès-sanèsipoen. ngGandèngaken makaten poenika preloe, inggih poenika kanggé ndamangaken toewin nggambangaken isining piwoelang. Oegi ageng pigoenanipoen, déné piwoelang satoenggalipoen kénging kanggé oelar-olar toemrap piwoelang sanèsipoen.

a. Preloe sanget piwoelang maos poenika kedah gandèng kalijan piwoelang basa ing sadjembar-djembaripoen, inggih poenika gandèng kalijan piwoelang gineman, tjatoeran, ngrakit basa toewin njerat basa tanpa lepat.

Oemoemipoen para ingkang kawogan sami mastani, bilih moerid-moerid ing sekolahan andap (volkschool lan vervolgschool) boten namoeng ing klas ngandap kémawon, nanging inggih ing klas nginggil, boten gampil oetawi kirang ing bab nglairaken pikiran oetawi gagasanipoen. Ingkang katàh manawi gineman oetawi tjrita [sami katingal adjrih. Ingkang makaten poenika ing sawatawis margi kabekta saking wiwit kawitan laré kakoelinakaken lan kapeksa gineman kados witjantenanipoen goeroe ingkang dakik-dakik, kesekediken oetawi kirang kalonggaranipoen kanggé nglairaken gagasan toewin pikiranipoen, manoet pakoelinanipoen laré pijambak. Terkadang oegi sabab déning kiranging kakendelanipoen laré: laré boten gadah kakendelan gineman oetawi tjrita, margi saking kekatahen goeroe anggènipoen njelani ngleres-ngleresaken. Kakendelanipoen laré, „koewanènipoen” bab gineman lan tjrita, ingkang pantjèn soemimpen ing manahing laré alit, kedah katetangi: Wiwit kawitan (saking klas ingkang andap pijambak) laré ing sasaged-saged kedah kakoelinakaken gineman lan tjatoeran bab prakawis toewin lelampahan ingkang mila pantjèn dipoen senengi toewin adamel gambiraning manahipoen laré. Sampoen tamtoe kémawon mawi basa ngoko. Laré boten preloe migoenakaken oekara ingkang pandjang-pandjang oetawi sampoerna; goeroe sampoen kekatahen anggènipoen ngleres-ngleresaken. Dados basa ingkang kapigoenakaken inggih salimrahing basa-laré ingkang kanggé ing djagading laré.

Ing wekdal djam gineman kados ingkang sampoen kapatjak ing tatanan piwoelang (lesrooster), gambar-gambar-waosan kénging kapigoenakaken kanggé moelang gineman. Gambar-gambar waoe pantjèn ngiras gambaring panggénan-asaling-laré; dados manawi gambar-gambar poenika kapigoenakaken kanggé moelang gineman, inggih sampoen mafoek. Sadèrèngipoen gineman bab gambar waoe, laré kaènetaken roemijin dateng tjrita ing gambar poenika. Laré-laré oegi kapoerih noedingi toewin mastani tetijang lan kéwan-kéwani-poen (Soeradi, sibapak, Soeti, pitik, meri). Sesampoenipoen poenika laré ladjeng kapoerih tjrita sawatawis bab tetijang toewin kéwan-kéwan waoe, oegi bab barang sanèsipoen ingkang katingal ing gambar poenika. Manawi sampoen njrijosaken poenika, laré ladjeng kapoerih tjrita bab sawoengipoen pijambak, segawonipoen pijambak, adinipoen pijambak, lan oegi tjrita bab grijanipoen pijambak, pakawisanipoen pijambak, makaten saladjengipoen. Manawi preloe lan pantjèn saged, lelampahan ingkang gandèng kalijan poenapa ingkang katjeta ing gambar-waosan ngrikoe kapoerih „moedjoedi” laré sarana „ngawaki” pijambak. (Gambar-waosan I doemoegi VI kénging kanggé nindakaken piwoelang gineman kados makaten). Goeroe sampoen ngantos kesoe-pèn nindakaken piwoelang gineman mawi tjara „moedjoedi” (gineman mawi solah-bawa), djalaran piwoelang gineman ingkang kados makaten poenika moeroegaken gambiraning manahipoen moerid toewin adamel senengipoen laré, djer laré saged, „ngawaki” pijambak.

b. Piwoelang gineman katindakaken mawi tjara kados kaseboet inginggil poenika nama ngiras mboekani piwoelang ngrakit basa ing tembé. Ing poengkasan taoen woelangan kapisan (Klas I) oetawi ing wiwitan taoen-woelangan kaping kalih (Klas II) goeroe sampoen saged akèn damel „karangan” bab: asoe, djago, omah, pakarangan, pawon sapitoeroetipoen, djalaran bab-bab waoe ing nalika moelangaken gambar-waosan, sampoen karembag sawatawis. „Karangan” waoe saged isi 5 oetawi 6 oekara tjekak-tjekak, isinipoen oetawi soeraosipoen béda béda manoet pangalamanipoen laré pijambak-pijambak, poenapa déné manoet poenapa-poenapa ingkang kaawakan pijambak-pijambak. Sagedipoen damel „karangan-tjekak-tjekak” waoe, temtoe kémawon manawi piwoelang maos-kawitan sampoen kapengker, poenapa déné manawi laré-laré njata sampoen saged njerat

oekara-tjekak-tjekak tanpa lepat ing nalikanipoen dipoen dikté-limrah. Manawi „karangan-tjekak-tjekak” waoe rinengga ing „gambar”, poenika saja prajogi. Kakendelan lan kasenangan nggambar ingkang limrahipoen pantjèn kadbé ing laré, sasaged-saged kedah dipoen gegesang toewin dipoen adjengaken. Sampoén mesti kémawon gambar-gambar poenika toemrapping laré ageng toewin tijang sepoe nama dèrèng saé oetawi mèmper.

c. Prakawis njerat tanpa lepat mèngetana ingkang kaseboet ing-andap poenika.

Nalika moelangaken gambar-waosan I, II, III, lan IV laré sampoén kakoelinakaken ngjektosi temboeng-temboeng ingkang pinanggih ing piwoelang ngrikoe. Dados laré sampoén dipoen gladi toewin dipoen gegoelang nggandèngaken *woedjoeding* temboeng seratan sambet kaliyan oengel toewin tegesing temboeng. Wiwit kawitan mila laré sampoén kakoelinakaken *namataken* temboeng-temboeng ingkang sinerat sarana: 1 ngeblak, 2 wongsal-wangsoel noeroen temboeng-temboeng, oekara tjekak-tjekak ing boekoe-waosan toewin ing blabag. Dados sapoenika kantoen nitipriksa poenapa laré anggènipoen namataken waoe sampoén sampoerna saèstoe ngantos saged njerat pijambak, manawi mireng swaranipoen. Poenika katindakaken sarana *dikté-limrah*. Dikté-limrah saweg kénging kawiwitan manawi gambar-waosan IV sampoén kawoelangaken. Ing sadèrèngipoen dikté-limrah, nindakaken *dikté-namataken* roemijin, inggah poenika sakoegi laré sampoén ragi mèmper ing kaprigelanipoen njerat. Dikté-namataken poenika makaten toemindakipoen: Ing blabag goeroe njerat temboeng, oekara tjekak saking gambar-waosan ingkang saweg kawoelangaken oetawi malih temboeng-étikèt. Poenika kapoerih maos; manawi sampoén, goeroe ladjeng witjanten: „Delengen sing bener, mengko kowé dak-kon noelis koewi awangan.” Watawis let 4 doemoegi 5 sekon seratan waoe kaboesak. Goeroe akèn njerat: „Toelisen!” Temboeng-temboeng ingkang angèl kanggé laré kedah pinènetan. Poenika saben-saben tansah dipoen wongsal-wangsoeli ngantos sampoerna saèstoe tjoe-manèlipoen wetahing temboeng-temboeng waoe ing angen-angening laré.

Panggladi ingkang mèmper poenika ingkang kénging katindakaken sadèrèngipoen dikté-namataken inggih poenika: mastani tem-

boeng saking gambar-gambar-waosan, ladjeng kapoerih njerat. Ing sakawit gambar-waosanipoen taksih adjeg katjanṭèlaké ingadjeng klas, preloenipoen kanggé mitoeloengi laré-laré ingkang pantjèn kendo. Ing tembé gambar-waosan waoe kawalik; dados seratanipoen boten ketingal. Panggladi makaten poenika kanggé niti priksa poenapa laré sampoen tjekap kasagedanipoen kanggé dikté-limrah. Manawi taksih katah laré ingkang sami ningali ing gambar-waosan, poenika pratanda jén dèrèng wantjinipoen kénging kadikté-limrah.

Saben lebar moelangaken gambar-waosan, dikté-namataken kedah katindakaken, preloenipoen kanggé „njanṭèlaken” gambaring temboeng oetawi aksara ing angen-angenipoen laré. Oegi migoenakaken temboeng-temboeng étikèt kanggé dikté-namataken. Poenika sadaja ngèneti toedjoening piwoelang maos doemoegi samanten, inggih poenika: ngwontenaken gandènging oengelipoen temboeng kalijan woedjoeding temboeng ing angen-angening laré. Sapisan malih: preloe sanget kanṭi tlatos goeroe njaṭeti lan mèngeti temboeng-temboeng toewin oekara-oekara ingkang angèl kanggé laré. Poenika kedah dipoen wongsal-wangsoeli ngantos laré saged saèstoe.

d. Ing pangrembaging piwoelang basa sampoen kaandaraken, bilih kasenenganipoen laré bab nggambar poenika ing sasaged-saged kedah dipoen gegesang toewin dipoen adjengaken. (Kasenengan nggambar ingkang pantjèn kadarbé ing laré poenika sedjatosipoen salah satoenggalipoen wedaring gesangipoen laré ing bab sanès malih, inggih poenika ing bab raos toewin pikiranipoen). Bab nggambar laré ing sakawit oegi angsal „gondélan” saking pangeblaking gambar-gambar ingkang pinanggih ing boekoe-waosan I, inggih poenika gambar ingkang doemoenoeng sisih kiwa sangadjenging waosan. Ing tembé laré kénging nggambar manoet kadjengipoen pijambak. Goeroe tansah mbombonga laré ing kasagedanipoen nggambar, kakatahana anggènipoen ngalem. Mitoeloengi oetawi ngleresaken gambaran kaangkaha sampoen ngantos ngetawisi. Laré ingkang isinan, pambombongipoen kedah langkoeng katah tinimbang laré ingkang kendel; makaten oegi anggènipoen mitoeloengi.

e. Sampoen kaseboet ingadjeng bilih swasananipoen sekolahan Djawi poenika kirang seger, kirang gambira, kirang njenengaken.

Salah satoenggaling srana kanggé njegerakan pikiranipoen laré toewin adamel gambiraning manahipoen laré inggih poenika: sekar (tembang). Sampoen boten kénging dipoensélaki, bilih laré poenika seneng sanget dateng lelagon oetawi tembang. Sanadjan laré dasari-poen botan predoelèn, manawi mireng lelagon, inggih ladjeng nggatosaken. Ing tatanan piwoelang boten preloe ngwontenaken djamwoelangan $\frac{1}{2}$ djam dangoenipoen ingkang mligi kanggé njekar. Manawi ing saminggoenipoen laré kawoelang lelagon oetawi njekar kaping kalih oetawi kaping tiga njadasa oetawi nggangsal welas menit, ingkang toedjoenipoen kanggé mboetjal swasana boten seger kados ingkang kaseboet ingadjeng poenika, sampoen tjekap. Bab lelagon oetawi tembangipoen kapasrahaken dateng goeroe, poenapa tembang Djawi poenapa lelagon Walandi, poenika boten preloe dipoen wigatosaken sanget-sanget, sok oegi nembang. Lelagon ingkang mawi ngébahaken badan inggih prajogi.

Salah satoenggaling goeroe wanita ing sekolahan-panjoban, inggih poenika panjoban mawi aksara Djawi, moelangaken lelagon kados ingandap poenika. Ingkang dados djedjering lampahan: Njana.

Njana krahinan (Lagoe djambé toekoel).

Bangoen, bangoen, bangoen ésoek

bambang wétan,

Djago, djago, djago kloeroek.

lir semajan,

Manoeké pada manggoeng,

emoh kèri,

Kabèh pada mrelokaké, tangi ésoek marakaké

warasing ija awaké

weninging ija pikiré

dadi seneng njamboet gawé (2x).

Njana énggal mlajoe metoe,

goerawalan,

metoe djaba oewis padang,

djan krahinan.

Simak oewis loenga waroeng

karo Siti,

bapak woes nindakaké pegawéan ing sawahé.
sinjana isin déwé,
krahinan ija tanginé,
sawangané kesèd déwé (2x).

Wonten malih goeroe wanita moelangaken tembang kados makaten:

Makani pitik. (kinanti).

Pitik toelak pitik toekoeng,
sing loerik pan ingkang djali
Énggal sira amaraa.
Iki soen gawakné peṭi,
Isi djagoeng karo sega,
Arep tak enggo makani.
Babon petok, djago kloeroek,
Bareng kroengoe diabani,
Si Njana anggawa pakan
Senengé kepati-pati.
Weroeh bendarané teka.
Bendara sing ditresnani. I.s.p.

ISINIPOEN SERAT.

	Katja
Bab I. Methode-maos-globaal	5
Bab II. Pirantos lan kanggénipoen	11
Bab III. Maos	14
Bab IV. Lampahing piwoelang. Gambar-waosan No. 1	16
Bab V. Gambar-waosan No. 2	29
Bab VI. Gambar-waosan No. 3	34
Bab VII. Gambar-waosan No. 4	39
Bab VIII. Gambar-waosan No. 5	42
Bab IX. Gambar-waosan No. 6	45
Bab X. Gambar-waosan No. 7	48
Bab XI. Gambar-waosan No. 8	52
Bab XII. Gambar-waosan No. 9	56
Bab XIII. Gambar-waosan No. 10	60
Bab XIV. Pènget mangka panoetoep	63
Bab XV. Gandèngipoen kalijan piwoelang sanès-sanèsipoen	69

PIWOELANG BASA DJAWA

MATJA, GOENEMAN

NGARANG, NOELIS

BOEKOENÉ: MOERID

SING NDAPOEK

O. DHARMABRATA

LAN

KI WIGNJASOEMARTA

I = IIA = IIB

f 0,40

KATERANGAN

PANGGANGÉNIPOEN

SERAT PIWOELANG BASA DJAWA

DJILID: I, IIA, IIB

ING VOLKSSCHOOL

f 0,25

SERAT PANOENTOEN WOELANG BASA

KANGGÉ TOENTOENAN NINDAKAKEN

MOELANG BASA DJAWI ING PAMOELANGAN

ANDAP, MANOET DAPOEKAN ÉNGGAL

KARANGANIPOEN

O. DHARMABRATA

KABIJANTOE

KI WIGNJASOEMARTA

f 0,50

G. BOSWINKEL lan R. WIGNJADISASTRA

MATJA TITI, BASA LAN TJARITA

I A kanggo moerid I kanggo goeroe
II A kanggo moerid II kanggo goeroe
III—IV kanggo moerid

Serat Toentoenan Woelang Basa

„Matja titi, basa lan tjarita” poenika serat woelang basa énggal, pangra-kitipoen prasadja, toer mawi waton ingkang goematok, tebaning piwoelang djembar, sadaja ingkang gegajoetan kalijan basa, kadosta maos, gineman, tjrijos, njerat basa ingkang titi sarta leres, ngrakit basa (damel karangan), panganggénipoen basa (Ngoko—Krama) lsp.

Serat waoe kapérang dados 4 djilid. Djilid I lan II kanggé ing klas 2 lan 3 Volksschool, djilid III lan IV kanggé ing klas 4 lan 5 toemrap Vervolgschool oetawi ing klas 4 lan 5 ing pamoelangan angka 2 ingkang pepak klasipoen (angka kalih lami).

WOELANG BASA

MATJA TITI, BASA LAN TJARITA

(AKSARA LATIN)

KANGGÉ ING H. I. S.

I—VI

Woelang-Basa „Matja titi, basa lan tjarita” poenika serat woelang basa énggal mawi aksara Latin, pangra-kitipoen prasadja, toer mawi waton ingkang goematok, tebaning piwoelang djembar, sadaja ingkang gegajoetan kalijan basa, kadosta maos, gineman, tjrijos, njerat basa ingkang titi sarta leres, ngrakit basa (damel karangan), panganggénipoen basa (Ngoko—Krama), lsp.

Serat waoe kapérang dados 6 djilid. Djilid 1—6 poenika kanggé ing klas II doemoegi klas VII ing H. I. S.

978

H. C. CROES

DALAN ANJAR MOELANG MATJA WIWITAN

„ÉNGGAL, GAMPANG,
NJENENGAKÉ”

AKSARA DJAWA

Panoentoen	f 0,85
Gambar-gambar watjan 12 idji	≐ 5,00
Boekoe watjan djilid I (lan kanggo goentingan, isi 6 lembaran)	≐ 0,07 ⁵
Boekoe toelisan (isi 6 lembaran kanggoné wolak- walik)	≐ 0,10
Boekoe watjan djilid II	≐ 0,15
Boekoe-blak	≐ 0,07 ⁵
mBoengahaké djilid I	≐ 0,15
mBoengahaké djilid II	≐ 0,20

AKSARA LATIN

Panoentoen	f 0,85
Gambar-gambar watjan 10 idji	≐ 4,25
Boekoe watjan djilid I (lan kanggo goentingan, isi 10 lembaran)	≐ 0,12 ⁵
Boekoe toelisan (isi 5 lembaran kanggoné wolak- walik)	≐ 0,07 ⁵
Boekoe watjan djilid II	≐ 0,15
Boekoe-blak	≐ 0,07 ⁵
Njenengaké djilid I	≐ 0,15
Njenengaké djilid II	≐ 0,20